ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№163 (23.071) • 2015 гъэм шыщхьэІуи (августым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Налшык щІэращІэу икІи тыншыгъуэ псори здэщыІэ къалэу щытын хуейщ абы щыпсэухэми къакІуэхэми я дежкІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий

Республикэм и Іэтащхьэм нобэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым и унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ Налшык и социально-экономикэ зыужьныныгъэм егъэщІилІа Іуэхухэм. Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ къалэм и транспорт инфраструктурэр ирагъэфІэкІуэным, псэупІэхэр ухуэным, гъэзугъэр зэгъэпэщыжыным, щхьэантІагъэхэр гъэтІысыным, уэрамхэм уэздыгъэхэр щыслъным, коммуналькэ Іэнатіхэр зэпымыуэ лэжьэным, парк щыпІэмрэ пщІантІэхэмрэ зэІуэпэщ щыным егугъун зэрыхуейм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ Іуэхухэр зэрызэрахьэ щыкІэр ирагъэфІэкІуэн, хьэрэчэтыщІэ лэжьыгъэм зиубГъуныр эзтезыІыгъэ щхьэусыгъуэхэр ягъэкІуэдын, налогыу къыхаххэм хагъэхъуэн, кьалэдзсхэм я псэукІэм хэлъ тыншыгъуэмрэ флагъымрэ заншІэу эзпъыта кьалэнхэр нэхъ жыджэру зэфІагъэкІын зэрыхуейр. «Налшык щІэращІэу икІи тыншыгъуэ псори здэщыІэ кьалэу щытын хуейщ абы щыпсэухэми кьакІуэхэми я дежкІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Республикэм федеральнэ мылъку къезшэлІэным щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Юрий къыхигъэбелджылыкІащ езыхэм я лъэщагъэр Іэкіуэлъакіуэу икІи фейдэ пылъу кьагъэсэбэпын, кьалэм и экономикэм и лъабжьэу щыт унэтІыныгъэхэр дАыгъын зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэкІуэж къэхъукъащІэм и Іэужьхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ Республикэм и Правительствэмрэ муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэмрэ я унафэщІхэм я зэІущІэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Правительствэмрэ муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэмрэ я унафэщІхэм я зэІущІэ зэхуигъэсащ ушхьшхьэрэ уэрэ щІэту районищым (Прохладнэ, Тэрч, Аруан) щыІа жьапщэ иным къиша къызэрымыкІуэ щытыкІэм и Іэужьхэр гъэкІуэдыжьным хуэгъэза Іуэхухэм ятеухуауэ.

ХэщІныгъэхэр мащІэкъым. Іисраф хъуащ унагъэхэм я унэхэу щхэр, школищ, сабий сад, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэу плІыщ, хьэсхэу гектар минитхум щІигъу.

ПсынщІэу зэфІагъэкІа Іуэхухэм я фІыгъэкІэ зы жэщ-махуэм зэфІагъэувэжащ псэупІэхэм егъэщІылІа хуэзэныгъэ псоми я лэжьыгъэр, гъэзугъэр ягъэкъабзащ, цІыхухэм ядоІэпыкъу я псэупІэхэр зэрагъэпэщыжьнымкІэ, кьаІгъэщІылІа щІыпІэхэр ягъэкъэбзэжьнымкІэ.

КьаІэщыт кьалэнхэр зэфІагъэкІын икІи хэщІныгъэхэр зыхуэдизыр яубзыхун папщІэ республикэ штаб кьиэзрагъэпэщащ.

- Лей зытекьаахэм я унэхэм фелпъ, даэзрыдэІэпыкъун хуейр зыхуэдизыр зэвгъащІэ. А псори псынщІэу зэфІэвмыгъэкІыу хъунукъым, - къыхигъэщхьэхукІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм щедэІуащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм нэхъыщхьэу кьрикІуахэм. КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий жиІахэм ятепщІыхьмэ, блэкІа мазиблым промышленнэ производствэм и индексыр проценти 104,5-рэ хъуащ. Ар Урысейм икУ иту щызекІуэ бжыгъэхэм щІегъу. Мэкъумэш хозяйствэм къитащ нэгъабэ елытауэ проценти 7-кІэ нэхъыбэ. ПсэупІэхэу яГъэхьэзырыращ проценти 112-рэ. Налогхэу къыхахащ процент 12-кІэ нэхъыбэ.

Школхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуагъэхьэзырыр, цІыхухэр езэгърабгъу уасэхэмкІэ хущхъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ зэфІагъэкІхэм тепсэлъыхьащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзхэу егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуэ Нинэрэ узэншагъэр хъумэныкІэ министр Шэт Ирмэрэ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ мэкъумэшхэкІэхэр, Іэщхэкіэхэр къэзылэжьхэр я Іэнатіэм тегъэгушхуэным, инвестицэхэр халъхьэн папщІэ Іэмалыфікэр зэтраухуэным, хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ дэІыгъным теухуа Іуэхухэм.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Санкт-Петербургрэ зэдзэлэжьэным ехьэлІа зэгурыІуэныгъэу фокІадэм и кум Іэ зытрадзэнум зыхуаГъэхьэзырным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Сомыр я къэрал ахъшэу ягъэув

Луганскэ цІыхубэ республикэр, къэрал щхьэхуиту зыкъэзылъытэжар, фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ сомым хуокІуэ. Апхуэдэ унафэ къиштащ щІыналъэм и Министрэм я советым.

Унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, республикэм щызекІуэнущ гривнэхэр, апхуэдэуи евро, доллар ахъшэхэр. Улахуэхэри, пенсэхэмрэ хуэмыщІахэм зэрызыщІагъакъуэ ахъшэри сомкІэщІ цІыхухэм зэрыратынур.

Гривнэр сомкІэ щагъэхъужкІэ, ди сомым нэхъри хуэдитІкІэ нэхъ пудущ ахъшэр зэрызэІэпахьынур. ЛНР-м и бюджет, налог, финанс отчетностыр зэрызэхагъэувэнри сомым тещІыхьауэщ.

Посольствэр къызэІуахыж

Ираным и къалащхьэ Тегеран лэжьэн щыщІидзэжащ Инджылызым и посольствэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, ар зэхуащІауэ щытащ 2011 гъэм, къухьэпІэ къэралхэм Ираным мардэ ткІийкхэр зэрыхуагъэувар ягу темыхуэу уэрамхэм къыдыхьахэр абы теуа нэужь.

Посольствэр къыщызэІуахыжьым хэтащ Великобританиеми и МИД-м и унафэщІ Хаммонд Филипп. 2013 гъэ лъандэрэ иджыщ Инджылызым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхмкіэ и министрыр Ираным ягъэ щыкІуар.

Экспертхэм къызэрылъытэмкІэ, посольствэр къызэрызэІуахьжар Ираным и дежкІэ нэщэнэфІщ икІи мыхьэнэшхуэ иІэщ абы къэрал зыбжанэм къыхуаІэу щыта пыщІэныгъэхэр зэфІэувэжьнымкІэ.

Бубкэ Сергей и Іуныдджыр къалъытэ

Олимп джэгухэм щытекІуа, дунейм хэнейрэ и чемпион, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэ куэдми бжьыпэр мыхъэ-мыгъэу щызыубы-да Бубкэ Сергей атлетикэ псынщІэмкІэ федерацэхэм я дунейпсо зэгугъэхьэныгъэм и унафэщІу хахащ.

ІэІэтыр щекІуэкІар Китайм и къалащхьэ Пекинщ. Украинэм щыщ, бжы кІыхьыр къэгъэсэбэпауэ лъагапІэм елъэныкІэ дунейпсо рекорд зыбжанэ зыгъэувэ Бубкэ Сергей папщІэ Іэ яІэтащ щыхуи 187-м.

Абы и къуэдзэщ Кубэм щыщ Хуанторенэ Альбертэ, Камеруным щыщ Мальбум Хамад Калькабэ, Катарым и спортсмен Далан аль Хамад сымэ.

НОБЭ

♦**Бразилием щагъэлъапІэ сэлэтым и махуэр**

♦1906 гъэм Урысейм и Министрэм я Советым и унафэщІ Столыпин Пётр яукІыну хэтащ.

♦1960 гъэм Италием и къалащхьэ Рим къыщыщІэзІуахащ XVII гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр фокІадэм и 11 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1997 гъэм УФ-м и Президентым Іэ щИдзащ «Культура» урысейпсо къэрал телеканалыр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦Рюриковичэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэ малъхъэ **Иван IV Грозный** къызэралъхурэ илъэс 485-рэ ирокъу.

♦Инджылыз, америкэ киноактёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Коннери Шон** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Данелие Георгий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Тереховэ Маргаритэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Соловьёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Семэн Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Публицист, КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къзаниш Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, уэшх къыщыдынущ. Хуабэр махуэм градус 17 -18, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

И цІыхугъэ псори зи ныбжьэгъуу жызыІэн зы ныбжьэгъуи иІэкъым.

• КъБР-м и Правительствэм

Зэхъуэкіыныгъэхэр къапоплъэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщ къэрал Іуэхущ Іанэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ мазэм ику иту кьахь улахуэм иІэ зэщхьэщыкІныгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъунур, къэрал мылъкур унеи зэращІым къыпэкІуэ мылъкум бюджетыр зэригъэбзэгъуэнур, террорист щІэпхьаджагъэхэм зи зэран екІахэм зэрадзэпыкъунур, нэгъуэщІхэри.

ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭ игъуэтащ бюджет Іуэхущ Іанэхэм щылажьэхэм улахуэр зэрыратыну щыкІэм. Къэрал, бюджет, автономнэ Іуэхущ Іанэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ ику иту кьахь мазэ улахуэм дяпэкІэ зэщхьэщыкІныгъэу яІэнур хуэдиц фІэкІ хъунукъым. 2014 гъэм зэрыкІэлъыплъамкІэ, унафэщІхэм яІэрыкъэу куэдкІэ нэхъыбэт лэжьакІуэ къызэрыгъэзэкІхэм кьахьым нэхъэр: хуэдитхуКІэ, яІэныкъуэхэм дежи хуэди 8-кІэ зэщхьэщыкІырт.

Егъэджэныгъэ Іуэхущ Іанэхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ я лэжьыгъэр тэмэму зэтеубГэным папщІэ абы мылъку хэха ягъэкІуащ. Ар кьыдагъэхуащ, ику ит егъэджэныгъэм текІуэдэнур ягъэмащІэри. Абы и нормативэр лІэужьыгъуищу гуэшащ 1-4-нэ, 5-9-нэ,10-11-нэ классхэм яхуэгъэзауэ.

Республикэ бюджетым иІэ щыщІэныгъэхэр иригъэкъужьын, и щыхуэр ипшыныжьын папщІэ Іэ зыщІидзэ къэрал контрактым икпъ иткІэ, КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм Іэмал игъэтащ 2018 гъэ пщІондэ телъыну хуиту щыхуэу сом меларди 3,5-рэ кредит Іуэхущ Іапіэм къыщицтэну.

«2015, 2016, 2017 гъэхэм къуриубыдэу КъБР-м и республикэ инвестицэ программэм» и проектым и гугъу ищІащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**. 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэмкІэ и программэм сом мин 1 477 721,1-рэ хуащІащ. А мылъкур текІуэдэнущ БалъкъэрдрамтеатрыпІ зэгъэпэщыжыным, «Зэрэгъыж» автотурист Іуэхущ Іапіэр, нэгъуэщІхэри ухуэным.

КъБР-м и къэрал мылъкур уней щІыныкІэ (приватизацэ) 2016 гъэм и программэр яубзыхуащ. Ар къиГэнэІуащ КъБР-м щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхмкіэ и министр **Бышэн Аэрэт**.

2016 гъэм къриубыдэу уней ящІынущ акционер зэгухэныгъэу тІум я акцэхэр, Іуэхущ Іапіэу плІым, зи жэуапІныгъэр зэхэгъэщхьэхуКІа зэгухэныгъэу зым и Іыхъэ. Ахэр ящэмэ, республикэ мылъкум кьыхэхъуэнущ сом мелуан 229-рэ. Абы щыщу акцэхэм къыпэкІуэнур сом мелуан 70-щ, Іуэхущ Іапіэ щхьэхуэхэм къыщІахьынур сом мелуани 159-рэ хъунущ.

КъБР-м и къэрал властым и лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным теухуауэ Правительствэм и проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъухэмрэ кадрхэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Емуэ Алихъан**. Дызыхуэкіуэ илъэсым а Іуэхум текІуэдэнущ сом мелуани 2-рэ сом мин 600-рэ.

Федеральнэ бюджетым кьыхэхІауэ сом мин 3 246-рэ ягъэкІуэнущ террорист щІэпхьаджагъэм и зэрарыгъэхэр гъэзэкІуэжыным. Хабзэм кьемызэгъэщу зэрахьэ Іэщэр арэзыуэ зыта цІыхуэм 8-м ахъшэ иратынущ. Абы текІуэдэнущ сом мин 27-рэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергей иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщагъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхъ Заур**. Абы жиІащ бюджетым налогым кьыхэкІ хэхъуэ иІэн папщІэ турист-рекреацэ комплексхэм я инвентаризацэ егъэкІуэкІын зэрыхуейр. Республикэм кьихьэ туристхэм я бжыгъэм хэхъуэ пэтми, абы кьыхэкІ налогыр мащІэщ.

НАФІЭДЗ Заремэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Урысей ныпым и махуэм и щІыхькІэ

Налшык къалэ администрацэм иригъэкІуэкІащ Урысейм и ныпым и махуэм теухуа «Триколор» акцэр. Абы хэтащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым щыщхэр. Налшык къалэ и ЩІалэгъуалэ советыр, Сириеи, Иорданиеи, Иеменыи, Кениеи щыщу ди деж щеджэ студентхэр.

ІУЭХУМ и къызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, абыхэм мураду яІащ илъэс къэс щыщхьэуІуи и 22-м Урысей ныпым и махуэр къэралым зэрыщагъэльапІэр республикэм щыпсэухэм ягу къэгъэкІыжьынр, щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэныр, къэралым и дамыгъэр фІыуэ егъэльагъуныр.

- Дэ къэралыр, республикэр, кьалэр фІыуэ дольагъу. Абы пыщІа дэтхэнэ махуэшхуэри щІалэгъуалэр ди гъусэу догъэльапІэ, - жиІащ Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и управленэм и лэжьакІуэ Кьанокъуэ Анжелэ.

- Нобэ дэ тщІыгъущ хамэ къэрал студентхэри. Ахэр кьыздикІахэм екІуэлІэжмэ, тепсэлъыхьыжынущ мы махуэшхуэм, ди щэнхабзэм.

- Зэхьэзэхуэ екІуэкІыу урысей ныпыр щаІэтым, къэралым и гимныр щыщІеуэм деж сэ сропагэ Урысейм, зыхьэзощІэ къэрал пэщащІ дызэрыщыпсэур. А гурыщІэр нобэ ялъэдгъэІэсыну дыхуейщ ди къалэм щыпсэухэми хьэщІэхэми, - жиІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и Гъэзэщ Іакіуэ комитетым и унафэщІ Макаев Мулид.

Іуэху дахэм хэт щІалэгъуалэр Лениным и проспектым ирикІуащ Урысейм и ныпым и теплъэр зиІэ лентІхэр ягуэшрэ зыхуэзэхэм махуэ лъапІэмкІэ екъуэзыхуу.

НАФІЭДЗ Заремэ.

Толстоймрэ Ахъуэхъумрэ я уэрамхэм транспортыр зэрыщызекІуэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ

Налшык къалэм транспортыр зэрыщызекІуэр иригъэфІэкІуэн папщІэ Толстойм и уэрамым хиубыдэу Щоджэнцыкіым и уэрамым щегъэжьауэ Кировым и уэрамым нэс, апхуэдэу Горькэм и уэрамым хиубыдэу Мечниковым и уэрамым щегъэжьауэ Горькэм и уэрамым нэс транспортыр зы лъэныкъуэкІэ фІэкІ кІуэну хуиныту щагъэувыну я мурадщ. Адрей лъэныкъуэмкІэ кІуэ хъунур жылагъуэ транспортырщ икІи абы зекІуапІэ пыухыкІа хухахынущ.

МЫ ІУЭХУР къезыхьэжьахэм къызэральытэмкІэ, КІыщокъуэмрэ Нэгумэмрэ я уэрамхэм апхуэдэ хабзэ зэрыщагъэувар нэрылъагъуу сэбэп хъуащ. Аращ кьалэ бззэрым и лъэныкъуитІым хуэзэ икІи автомобиль куэд щызекІуэ къыкІэлъыкІуэ уэрамитІми а щапмобилхэр зэрыщызекІуэнум теухуа зэІущІэшхуэ 2015 гъэм шышхьэІуІум и 27-м ирагъэжьауэкІынущ.

Зи гугъу тщІы зэхъуэкІыныгъэхэр къаззэрыщыхъур къызэрыгъэкІ цІыхухэми шыщхьэуІум и 27-м нэсыху яГъэхь хъунущ КъБР-м и УГИБДД-мрэ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьынкІэ и советымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м и УГИБДД-м фыпсалъэ хъунущ 8(8662) 49-58-07, 49-58-22 телефонхэмкІэ сыхьэт 18-м нэсыху, 8(8662) 96-23-22 телефонымкІэ - жэщми махуэми.

• Май щІыналъэ

Къабзагъэм и телъхьэхэр

КъБР-м Щ Іыуэпсым и хъугъуфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и къэрал инспекторхэмрэ Май щІыналъэм и хабзэхъумэжьмрэ зрагъэлъэгъуащ Деменюк псы ежьхым и щытыкІэр зыхуэдэр.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкІэ, псым и Іуфэхэм я кІыхьагъкІэ кьабзагъэ мардэ лъэпкъ щызекІуэу пхужьІэнукъым: дэнэ и дежи пхъэнкІийхэмрэ кІэрыхуу бжьэрыхуэмрэ я щылъщ. Ахэр хихьэу псыр щыІуищІэпа щІыпІэхэми урохьэлІэ. Апхуэдэ тепльэщ «Торпедо» стадионми, кьалэ паркым щыщу псы Іуфэм Іулъ щІы ІэнэщІми яІэр.

Май щІыналъэм и администрацэр зэпщытэныгъэм кьрикІуахэм щагъэгъуэзащ икІи пІалъэ кІэщІым кьрибыдэу ныкъуасныгъэр ягъэзэкІуэжыну пщэрылъ щащІащ. Мы Іуэхуэм ипкъ иткІэ административнэ жэуапым ирашэлІащ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гукъинэжу екІуэкІащ

• Ди зэпыщІэныгъэхэр

Хамэ къэралхэм, Урысейм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэм папщІэ къызэрагъэпэща гъэмахуэ лагерым и лэжьыгъэр ирахащ икІи «Къхъужьей хадз» зыгъэпсэхупІэм и хъэщІэхэр ирагъэжьащ. А махуэр Тыркуи, Иорданиеи, нэгъуэщІ щыщІэхэми къикІа сабийхэм гукъинэжу щыпІэхэм зэрэдгъэ кьафэкІэ, саугъэт цІыкІухэмкІэ.

ГЪЭМАХУЭ лагерыр къызэригъэпэщащэу щытащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэм. Абы и унафэщІым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт ныбжьыщІэхэм захуигъэзащ:

- Фэ фращІэблэщ мы щІыналъэм щыпсэуэхэм. Си гугъэщ мыбы фызэрыщІыА зэманым курыфІыдэу лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм фыхэгъуэзащ. Иджыри дызэрихьэлІэну догупгъ, зи зэпыщІэныгъэхэр дгъэбыдэн папщІэ.

Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэхэм саугъэтхэр иратащ зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІа спорт зэхьэзэхуэхэм, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм жыджэру хэта сабийхэм.

Мэздэгу адыгэхэм ящыщ Бэдракъ Владислав жиІащ мыбы зэрыщыІа махуэхэр гукъинэж зэрыщыхьуар. Псом хуэмыдэу дикьэжащ Налшык щыпІэ дахэхэм, Іуащхьэмахуэ лъапІэ, Шэджэм псыкъелъхэм, Гуэл щхъуантІэхэм я нэгу зэрызыщагъэжььам. Иорданием къикІа Ридэ Инал къытхуиІуэтащ мыбы щыІэ щІыуэпсыр игу зэрырихьыр, ныбжьэгъуІэ куэд зэригъэутар, къытригъэзэную зэрыхуейр.

Гъэмахуэ зэпсэхупІэм и программэм хэтащ сабийхэр анэдэлъхубзэм хэгъэгъуэзэныр. Абыхэм махуэ къэс зэман пыухыкІакІэ ядэлэжьащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакІуэхэр. Лагерыр щызэхэщІыжьым зызыгъапсэхуахэр уэз кьеджащ, уэрэд цІыкІуэр адыгэбзэкІи, балъкъэрыбзэкІи жаІащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Фыдогъэблагъэ!

• Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубок.
Финалым 1/32-нэ Іыхьэ «Спартак-Налшык» - «Волгарь» (Астрахань)
Налшык. «Спартак» стадион. ШыщхьэуІум и 26. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м

1 статья. Мы Законым зэблигъэкІ Іуэхухэр

Мы Законым еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым (адэкІэ – депутатщ) и лэжьыгъэр къызэрызэригъэпэщыр, а лэжьыгъэм и теплъэхэмра абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ шэсыпІэхэмра, апхуэдэу депутатым и статусыр зыгъэбелджылы кІынэмыщІ Іуэхугъуэхэр.

2 статья. Депутатым и статусым и лъабжьэхэр

1. Федеральнэ законымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэмрэ тету мы законым еубзыху депутатым и статусыр.

2. Депутатым шэсыпІэ псори иІэщ къыпэрыуэ щымыІэу икІи сэбэпныгъэ пылъу и полномочиехэр игъэзащІэныкІэ.

3. Депутатым и полномочиехэр езым и щхьэкІэ дегъэкІ икІи а лэжьыгъэр нэгъуэщІ цыхум и пщэ ирилъхьэну хуиткъым.

4. Езым и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу федеральнэ законым икІи къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатыр жэуапым ирашэлІэну е абы иІэ адрей шэсыпІэхэр къызэпаудыну хуиткъым.

5. Депутатыр хуиткъым депутат полномочиехэр гъэзэщІэным пымыщІа лэжьыгъэ иригъэкІуэкІын папщІэ езым и статусыр къигъэсэбэпыну.

3 статья. Депутатым и полномочиехэм я пІалъэр

Депутатым и полномочиехэм я пІалъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэхэм я Парламентым (адэкІэ - Парламент) и япэ зэІущІэр щрагъэкІуэкІа махуэм къыщІедзэри, къыкІэлъыкІуэ хэхыгъуэм и Парламентым и япэ зэІущІэр къыщыдзэІуах махуэм еух, депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу къамыгъэувыІамэ.

4 статья. Депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу къагъэувыІэ мы къыкІэлъыкІуэхэм деж:

1) и полномочиехэр зэрызыщхьэщыхьжьым теухуауэ депутатым лъэІу итхамэ;

2) федеральнэ е республикэ законодательствэм япкъ иткІэ депутатым и полномочиехэр иІэу игъэзащІэ мыхъуну къулыкъу теувамэ;

3) федеральнэ е республикэ законодательствэм депутатым папщІэ игъэув къалэнхэр, мардэхэр имыгъэзащІэмэ;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету Парламентым и полномочиехэр нэхъ пасэу къыщагъэувыІам деж;

5) депутатыр зэригъэкъуаншэм теухуауэ судым къищта унафэм законкІэ къару щигъуэтам деж;

6) депутатыр лІамэ;

7) депутатым и нэгъэсауэ и щхьэ Іуэху зэримыхуэжьыфу, и щхьэ Іуэху зэримыхуэжьфу , зыдэщыІэр ямыщІэу кІуэдауэ зэрыщытым теухуа суд унафэм къару щигъуэтам деж;

8) судым и унафэу законкІэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ депутатыр лІауэ къалъытамэ:

9) депутатым Урысей Федерацэм и гражданствэр фІэкІуэдамэ, нэгъуэщІ къэралым и гражданствэ къыІихамэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и цІыхур нэгъуэщІ къэралым е цІыналъэм зэпымыуу щыпсэуну хуит зэращІ щыхьэт тхылъ е нэгъуэщІ документ кратамэ;

10) федеральнэ законым ипкъ иткІэ депутатым и полномочиехэр къыщІагъэувыІэн нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ къыкъуэкІамэ.

2. Парламентым и полномочиехэр нэхъ пасэу къызэрагъэувыІэн нэмыщІ, депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу мы статьям ипкъ иткІэ нэхъ пасэу къыщагъэувыІэм деж абы теухуа унафэр Парламентым и зэІущІэм къыщащтэ икІи Парламентым и унафэу ятхыж. Апхуэдэхэм деж депутатым и полномочиехэр щхьэщах нэхъ пасэу полномочиехэр къэгъэувыІэным теухуа унафэр къыщащта махуэм е Парламентым и унафэм къыщыгъэлъэгъуа махуэм щегъэжьауэ, Парламентым и полномочиехэр нэхъ пасэу къэгъэувыІамэ - Парламентым и полномочиехэр къыщагъэувыІа махуэм щегъэжьауэ.

3. Депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьныкІэ унафэр депутатым и полномочиехэр къэгъэувыІэныкІэ щхьэусыгъуэ къыщыкъуэкІам щегъэжьауэ махуэ 30-м фІэмыкІыу Парламентым къещтэ, апхуэдэ щхьэусыгъуэр Парламентым и сессиехэм я зэхуакум хуэзэу къыкъуэкІамэ - Парламентым и зи чэзу япэ сесиием къыщащтэ.

4. Депутатыр лІамэ, абы и полномочиехэр Парламентым зыхуэфащэ унафэр кърамыщтэу нэхъ пасэу иухауэ къалъытэ.

5 статья. Депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэІу дамыгъэмрэ

1. Депутатым и полномочиехэм щыхьэт текъуэу удостоверенэрэ депутатым и бгъэхэІу дамыгъэрэ иІэщ икІи ахэр абы езым и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу кьегъэсэбэп.

2. Депутатым и удостоверенэр ар пэрыуэ щымыІэу къэрал властым и органэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органэм, организацэхэм щыхьэн папщІэ къигъэсэбэп документщ.

3. Депутатым и удостоверенэмрэ бгъэхэІу дамыгъэмрэ ятеухуа положенэр, абыхэм я теплъэмра я щытыкІэр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэмра Парламентым кьещтэ.

6 статья. Депутат лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыкъуэхэр зыбгъэ цІыхухэм икІи нэгъуэщІ лэжьыгъэ пэрымыту зи полномочиехэр зыгъэзащІэхэм я мэкъуауэ, адрей депутатхэм я полномочиехэр я Іэнатіэ нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу здадхэ.

2. Федеральнэ законым нэгъуэщІ къыщымыгъэлъэгъуамэ, депутатыр езым и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату щытыну, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым хэтыну, судыщІэу лэжьыну, Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ къэрал къулыкъу, Урысей Федерацэм и субъектым и нэгъуэщІ къэрал къулыкъу, федеральнэ къэрал Іэнатіэм и къулыкъу, Урысей Федерацэм и субъектым и къэрал граждан Іэнатіэм и къулыкъу, апхуэдэу муниципальнэ къулыкъу, муниципальнэ Іэнатіэм и къулыкъу иІыгъыну хуиткъым.

3. Кандидатхэм я спискэу Парламентым и депутат мандатхэр зэпэгъэшыным хагъэхьан хэту, хаха депутатым хуитныгъэ иІэ-къым езыр зыхиубыдэ фракцэм къыкэкІыну. Апхуэдэ депутатыр зыхэт хъунур зи спискэм иту хаха политикэ партыщ.

4. Политикэ партым кандидатхэм я республикэ спискэу кьыхилъхьам хэту депутатыр хахамэ икІи абы и фракцэм хиубыдэмэ, ауэ зэрызэхуащІыжым е и зэхэлъыкІэр зэрызэрахъуэкІым къыхэкІыу а партым и лэжьыгъэр къигъэувыІамэ, депутатыр зыхэтыну хуитыр а политикэ партым и фракцэм и закъуэщ.

5. Мы статьям и Іыхьэ 4-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, кандидатхэм я спискэу зыхуэфащэ политикэ партым къыхилъхьам хэту хаха икІи Парламентым фракцэ щызыІэ политикэ партым хыхьа депутатыр а фракцэм хеубыдэ икІи абы къыхэкІыну хуитныгъэ иІэжкым.

6. Депутатым хуитныгъэ иІэжьым сатум пымыщІа, правительствэ унафэм щІэмыт нэгъуэщІ къэрал организацэу Урысей Федерацэм и щІыналъэм щылажьэхэм я унафэщІ органэм, полечительскэ, кІэлъыплъакІуэ советхэм, абыхэм я Іэнатіэ щхьэхуэхэм хэтыну, Урысей Федерацэм хамэ къэралхэм ярищІылІа зэгурыуэныгъэхэм, Урысей Федерацэм и законодательствэм абы теухуауэ нэгъуэщІ къыщымыгъэлъэгъуамэ.

7. Депутатхэм я хэхъуэхэмкІэ, я мылъкумкІэ, мылъкум пыщІа я къалэнхэмкІэ къат бжыгъэхэм я тэмэмагъэм кІэлъыплъыныкІэ Парламентым и комиссэм депутатым отчёт щащІа финанс илъэсым къыкІэлъыкІуэ гъэм мэлыжьыхьым и 1-м фІэмыкІыу егъэхь езым и хэхъуэхэм, хэщІхэм, мылъкум, мылъкум хуэгъэзауэ къищта къалэнхэм, апхуэдэу и щхьэгъусэмрэ балигъ мыхъуа и бынхэмра я хэхъуэхэм, хэщІхэм, мылъкум, мылъкум хуэгъэзауэ къащта къалэнхэм ятеухуа бжыгъэхэр.

Мы Іыхьэм и япэ абзацым къыщыгъэлъэгъуа комиссэр къызэрагъэпэщ икІи ар мэлажьэ республикэ законым ипкъ иткІэ.

8. Депутатым хуитныгъэ иІэжьым дознаниемрэ следователхэмра ирагъэкІуэкІ оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ, уголовно-процессуальнэ лжьыгъэм, судым и лэжьыгъэм, административнэ къуаншагъэхэмкІэ Іуэхухэм хэлэбэну.

9. НэгъуэщІ Іэнатіэ пэрымыту депутатым езым и полномочиехэр профессиональнэ лъабжьэм тету игъэзащІэмэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, кІинэмыщІ творческэ лжьыгъэхэм фІэкІ абы пщІэ зыщІат нэгъуэщІ лэжьыгъэ ирихьэкІыну хуиткъым, абы теухуауэ Урысей Федерацэм и законодательствэм нэгъуэщІ къыщымыгъэлъэгъуамэ. Апхуэдэм деж егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, кІинэмыщІ творческэ лжьыгъэхэм текІуадэ ахъшэ псори нэгъуэщІ къэралхэм, дуней псо организацэхэм, нэгъуэщІ къэралхэм я

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№292-П-П

цІыхухэмрэ гражданствэ зимыІэ цІыхухэмрэ къабгъэдэкІыу щытын хуейкъым, Урысей Федерацэм Іэ зыщІидза дунейпсо зэгурыуэныгъэхэм е Урысей Федерацэм и законодательствэм абы теухуауэ нэгъуэщІ къыщымыгъэлъэгъуамэ.

10. Депутатым и лэжьыгъэр нэгъуэщІ Іэнатіэ пэрымыту ирилъхьэкІмэ, апхуэдэ депутатыр уэчылу е лыкІуэу хэт хъунукъым граждан, уголовнэ Іуэхухэм е административнэ къуаншагъэхэмкІэ Іуэхухэм щыхэплъэкІэ.

11. Депутатым игъэзащІэну и къалэнщ дэтхэнэ зы депутатми, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Іэнатіэм и кулыкъу зыІыгъэхэри яхэту, папщІэ федеральнэ законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, мы Законым, адрей республикэ законхэм ягъэув мардэхэр.

7 статья. Депутат щэнхабзэр

1. Депутат щэнхабзэр езым и полномочиехэр щигъэзащІэкІэ депутатым хэлъын хуей хьэл-щэн мардэхэмра зыІыгъыкІэмрэщ.

2. Депутатым хуитныгъэ иІэкъым депутатым и статусым къритefІэкІныгъэхэр езым и сэбэн зыхэлъэн, апхуэдэу и Іыхьлыхэмра и благъэхэмра я сэбэн зыхэлъэн хуэунэтІауэ къигъэсэбэпыну.

3. Депутатым и къалэнщ:

1) езым и пщІэр зэрихьумэм хуэдэ дыдэу адрей депутатхэм, кулыкъущІэхэм, кьиззэрыгъэкІ цІыхухэм пщІэ яхуищІыну;

2) депутатым и къалэнхэр зэригъэзащІэм пщІауэ ар щыгъуазэ зыщІэныуа къэралыгъуэр, коммерческэ щэхур, законым ипкъ иткІэ яхъумэ адрей щэхухэр хэІущІыІу имыщІыну, ахэр кулыкъум пыщІауэ фІэкІ кьимыгъэсэбэпыну, кулыкъум пыщІауэ ар щыгъуазэ зыщыхъуа информацэр фейдэ зэкІыпІэу кьимыгъэсэбэпыну;

3) щыпсалъэкІэ адрейхэр зыгъэпуд, депутатхэмрэ адрей цІыхухэмрэ зыгъэикІэ псалъэхэр кьимыгъэсэбэпыну;

4) щхьэусыгъуэншэу зыгуэрэр имыгъэкъуэншэну, пэжыгъэ зыхэмылъ информацэр кьимыгъэсэбэпыну, хабзэм кьемызэгъ Іуэхухэр ялэжьыну цІыхухэр кьыхуримыджэну;

5) депутатым и реквизитхэр зытет бланкэр официальнэ тхыгъэу, документу езым Іэ зыщІидзыжхэм папщІэкІэ фІэкІ кьимыгъэсэбэпыну.

4. ЗэкІэлъыкІуэу (щэ е нэхъыбэрэ) зы сессием къриубыдэу щхьэусыгъуэншэу депутатыр Парламентым и зэІущІэм, (е) Парламентым и комитетыр е щыхэтми и зэІущІэм зэрыщІэмысар депутат щэнхабзэм кьемызэгъ Іуэхущ.

5. Депутат щэнхабзэм и мардэхэр депутатым кьызэпиудмэ, апхуэдэ депутатым и щытыкІэм щытепсэлъыхьын хуейщ Парламентым и комитету ар езыр зыхэтым и зэІущІэм.

8 статья. Депутат лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкІэхэр

1 Депутатым и лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкІэхэм ящыщщ:

1) Парламентым и зэІущІэм хэтыныр;

2) комитетхэм, Парламентым кьызэригъэпэщ кьинэмыщІ органхэм я лэжьыгъэм хэтныр;

3) законхэм, Парламентым и унафэхэм я проектхэр кьыхэлъхьэныр, абыхэм хэплъэныр;

4) парламент едэІуэныгъэхэм хэтныр;

5) Парламентым, абы и органхэм къагъэува пщэрылъхэр гъэзэщІэным хэтныр;

6) депутат щІэупщІэныгъэхэр егъэхьыныр;

7) парламент зэхэгъэкІыныгъэхэмкІэ комиссэхэм я лэжьыгъэм хэтныр;

8) хэхакІуэхэм ядэлэжьэныр;

9) Парламентым щыІэ зыхуэфащэ фракцэм и лэжьыгъэм хэтныр.

2. Депутат лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщ хъунущ федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм, Парламентым и регламентым кьыщыгъэлъэгъуа нэгъуэщІ теплъэхэри иІэу.

9 статья. Депутатыр хэхакІуэхэм зэрапыщІар

1 Депутатыр хэхакІуэхэм япыщІауэ щытын хуейщ.

2. Депутатым хэхакІуэхэм я хуитныгъэхэр, щхьэхуитныгъэхэр, законкІэ абыхэм я сэбэн зыхэлъхэр кьызэгъэпэщыныкІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр елэжь, абыхэм зэрызыкъыхуагъэза тхыгъэхэм хоплъэ, абыхэм кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхухэм и пІалъэм къриубыдэу икІи тэмэму дзгъэкІыныкІэ езым и полномочиехэм кьриубыдэу дэІэпыкъуэгъу мэхъу, цІыхухэм яІуощІэ, жылагъуэ Іуэху еплъыкІэм щыгъуазэ зещІ, икІи хуей щыхъуам деж, зыхуэфащэ Іуэхухэр къэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, организацэхэм кьыщыхелъхьэ.

3. Депутатым езым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм хэхакІуэхэр щыгъуазэ ещІ абыхэм щахуэзэм деж, апхуэдэу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэр кьыгъэсэбэпэр.

4. ХэхакІуэхэм я хуитныгъэхэр, щхьэхуитныгъэхэр, законкІэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным пыщІа Іуэхухэр щызэфІигъэкІкІэ депутатыр къэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэ органхэм я депутатхэм, жылагъуэ, сатум зи Іуэхур темыщІыхьа адрей организацэхэм япыщІауэ мэлажьэ

5. Зи полномочиехэр профессиональнэ лъабжьэм тету зыгъэзащІэ депутатхэр хэхакІуэхэм ядэлэжьэн папщІэ тхьэмахуэ кьэс зы махуэкІэ яутІыпщ Парламентым и регламентым зэрыщыІубзыхуам тету.

10 статья. Законхэр кьэщтэныкІэ жэрдэм кьыхилъхьэну депутатым иІэ хуитныгъэр

1. Законхэр кьэщтэныкІэ жэрдэм кьыхилъхьэну депутатым хуитныгъэ иІэщ икІи ар абы дегъэкІ республикэ законхэм я проектхэр Парламентым кьыщыхэлъэным тету.

2. Законхэр кьэщтэныкІэ жэрдэм кьыхилъхьэну депутатым иІэ хуитныгъэр зыхэлъэнрэ зэрагъэпэщ щыкІэр Парламентым и регламентым щыгъэбелджылащ.

11 статья. Депутатыр парламент лэжьыгъэхэм зэрыхэтыр

1. Депутатым Іэ зэриІэтым тращІыхь Парламентыр зыхэпльэ Іуэху псоми, апхуэдэу езы депутатыр зыхэт комитету е комиссэу Парламентым щІэупщІэныгъэ зыхэпльэ Іуэхухэм ятеухуауэ унафэ кьыщащтэкІэ.

2. Депутатыр Парламентым, абы и лэжьакІуэ органу езыр зыхьихьэхэм я зэІущІэхэм хэтынкІэ, абыхэм зыщыхэпльэ Іуэхухэм ятеухуауэ Іэ иІэтныр фІэкІыпІэ зимыІэ и къалэнщ.

Парламентым е абы и лэжьакІуэ органым иригъэкІуэкІ зэІущІэм хэтыну цІыхуэзфІэмыкІым деж депутатым и къалэнщ Парламентым и Унафэщым (абы и кьуэдзэм) е лэжьакІуэ органым и унафэщым нэхъ пасэу хъыбар яригъэщІэну.

3. Депутатым хуитныгъэ иІэщ Парламентым къыщызэрагъэпэща сыт хуэдэ лэжьакІуэ органми и зэІущІэм щІэсыну.

4. Депутатым хуитныгъэ иІэщ Парламентым иригъэкІуэкІ адрей Іуэхухэми хэтыну.

12 статья. Депутат щІэупщІэныгъэр

1. Депутат щІэупщІэныгъэр социальнэ, экономикэ, щэнхабзэ Іуэху щхьэхуэхэр дзгъэкІыным хуэунэтІауэ Парламентым и депутатым (депутат гупым) кьагъэсэбэп лэжьакІэ Іэмал хэхащ.

2. Депутат щІэупщІэныгъэр къэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, организацэхэм я унафэщІхэм хуагъэхь абыхэм я компетенцэм хиубыдэжэм ятещІыхьауэ.

3. Депутат щІэупщІэныгъэр депутатым (депутат гупым) езым и жэрдэмкІэ егъэхь икІи абы папщІэ Парламентым и зэІущІэм абы щыхэпльэн хуейкъым. Депутат щІэупщІэныгъэр ар зыгъэхьэзыра депутатым (депутат гупым) Парламентым и зэІущІэм кьыщыхилъхьэ хъунущ, ар парламент щІэупщІэныгъэу кьащтэну щІэлъэІуу.

4. Депутат щІэупщІэныгъэр зыхуагъэхьа кьулыкъущІэм и кьалэнр ар щыІэрыхьам щегъэжьауэ махуэ 30-м кьриубыдэу абы тхыгъэкІэ е щІэупщІэныгъэр кьезыгъэхьам зэрыгурыІуам тету, нэгъуэщІ ІэмалкІэ жэуап иритыжыну.

13. статья. Информацэ зыІэригъэхьэнымкІэ, ар хэІущІыІу ищІынымкІэ депутатым иІэ хуитныгъэр

1. Депутатым (депутат гупым) хуитныгъэ иІэщ, къэралым и щэхуу е законым ипкъ иткІэ ихъумэ щэхуу щыт адрей информацэм нэмыщІ, нэгъуэщІ сыт хуэдэ информацэми щІэупщІэну.

2. Информацэ кьыІахыну зыщыхуагъэза кьулыкъущІэм махуэ 30 нэхъэр нэхъыбэ дамыкІыу депутатыр зыщІэупщІа информацэр ирет е ар зыритым щыхуэзфІэмыкІым и щхьэусыгъуэхэм щыгъуазэ ещІ.

3. Депутатым хуитныгъэ иІэщ федеральнэ, (е) республикэ законхэр, зыхуэфащэ Іэнатіэхэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал политикэр зэрагъэзащІэм теухуа информацэ кьыІахьи папщІэ дэтхэнэ кьулыкъущІэри Парламентым и Президумым е Парламентым и комитетым (комиссэм и зэІущІэм кьеГъэблагъэнымкІэ жэрдэм кьыхилъхьэну. ЗэІущІэм кьрагъэблагъа кьулыкъущІэр абы кьрихьэлІэну Іэмал щимыгъуэтым деж, абы зыхуэфащэ информацэр тхауэ кьегъэхь икІи депутатым и лъэІукІэ абы адрей депутатхэр щыгъуазэ ящІ.

4. Депутатым езым ириГъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуа информацэр зыгъэІорышІапІэ дэтхэнэ кьулыкъущІэри Парламентым и Президумым е Парламентым и комитетым (комиссэм и зэІущІэм кьеГъэблагъэнымкІэ жэрдэм кьыхилъхьэну. ЗэІущІэм кьрагъэблагъа кьулыкъущІэр абы кьрихьэлІэну Іэмал щимыгъуэтым деж, абы зыхуэфащэ информацэр тхауэ кьегъэхь икІи депутатым и лъэІукІэ абы адрей депутатхэр щыгъуазэ ящІ.

14 статья. КьулыкъущІэхэм ихІэщІыпІэкІэ яхуэзэнымкІэ депутатым иІэ хуитныгъэр

Депутат лэжьыгъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ къэрал властым и органэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органэм, организацэхэм я унафэщІхэм, адрей кьулыкъущІэхэм икІэщІыпІэкІэ яхуэзэнымкІэ депутатым хуитныгъэ иІэщ.

15 статья. Депутатым и хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщынымкІэ шэсыпІэхэр

1. Зи полномочиехэр профессиональнэ лъабжьэм тету зыгъэзащІэ депутатым кьыхуэзрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъу зыІыгъ цІыхухэм папщІэ ягъэува шэсыпІэхэр.

2. Депутатым езым и къалэнхэр игъэзащІэным тригъэкІуэдэн папщІэ мазэ кьэс ахъшэ хухах сом мин хьуу.

3. Депутатым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу лэжьыгъэ Іуэхуклэ нэгъуэщІ щыпІэ зэрыкІуам тригъэкІуэдэр иратыж гъуэгуанэр, хъэщІэу уасэр, мазэм ишхынэр зыхуэдизым тещІыхьауэ.

4. Хуагъэув шэсыпІэхэм я лъэныкъуэкІэ, абыхэм медицинэ, санаторэ-курорт, ахъшэ, псэуныгъэ Іуэхухэри хэту, Парламентым и УнафэщІыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым, Парламентым и УнафэщІым и кьуэдзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ кьуэдзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъу зыІыгъ адрей депутатхэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрым палъэт.

5. Парламентым и кьыкІэлъыкІуэ хэхыгъуэм хиубыдэу къэрал кьулыкъум зэрамыгъэувыжам кьыкъэкІыу Парламентым къэрал кьулыкъу щыгъэзащІэн зыуха депутатым лэжьапІэ кьигъуэтыжу (и ныбжьыр зыгъэрикъуам кьыхэкІыу, республикэ законым тету пенсэ хуагъэувыху) абы мазэм кьилэжьу щыта ахъшэм хуэдизкІэ доІэпыкъу.

6. Парламентыр зэбграуТІыпщыкІыжамэ, абы профессиональнэ лъабжьэм тету зи полномочиехэр щызыгъэзащІэ депутатым хуитныгъэ иІэщ депутатым и полномочиехэр кьыщагъэувыІа махуэм ирихьэлІэу дэІэпыкъунигъэу мазэм кьилэжьу щытам хуэдэу щы кьыІихьну.

7. Парламентыр зэрызэбграуТІыпщыкІыжам кьыхэкІыу зи полномочиехэр кьагъэзувыІа депутатым и ныбжьыр зэрынэсам кьыхэкІыу пенсэ хуагъэувын папщІэ зыхуэфащэ стаж иІэмэ (и ныбжьыр зэрынэсам кьыхэкІыу нэхъ пасэу хуагъэув страховой пенсэри хэту), езыр арэзымэ, республикэ законым тету, и ныбжьыр зэрынэсам кьыхэкІыу пенсэ нэхъ пасэу, ауэ Урысей Федерацэм и законодательствэм щыгъэува пІалъэм нэхърэ илъэситІым щІимыгъыкІэ нэхъ пасэу хуагъэув хъунущ.

16 статья. Депутатым щылэжьэн пэш зэрыратыр

Зи полномочиехэр профессиональнэ лъабжьэм тету зыгъэзащІэ депутатым Парламентым и унэм щыхухах унэльащІэ эщІэт, связым и Іэмэпсымэхэмкіэ, правительствэ связым и Іэмэпсымэхэри хэту, зыхуеину адрей техникэмкІэ кьыхэзгъэпэща пэш.

17 статья. Депутатым связым и Іэмэпсымэхэр кьызэригъэсэбэпыр

Депутатым езым и къалэнхэр зэригъэзащІэм пыщІауэ пощтымрэ телеграфымрэ кьыщигъэсэбэпкІэ апхуэдэ тхыгъэкІуэ (ят), абыхэм йолэжь икІи зыхуэфащэхэм Іэрагъэхьэж правительствэ связым хиубыдэу.

18 статья. Депутатым псэупІэ зэрыхуахыр

Зи полномочиехэр профессиональнэ лъабжьэм тету зыгъэзащІэ, Налшык къалэм километр тхущІ нэхърэ нэхъ лэжьыкъу щыпсэу икІи езым и псэупІэ Налшык къалэм щызимыІэ депутатым и полномочиехэр щигъэзащІэ пІалъэм мазищым кьриубыдэу Налшык къалэм щыпсэунымкІэ Іэмалхэр кьыхуэзрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм игъэува хабзэм тету.

19 статья. Депутатым и лэжьыгъэр зэкІэлъиГъэкІуэн папщІэ тригъэкІуадэр зэрыхуапшыныжыр

Депутатым и лэжьыгъэр зэкІэлъигъэкІуэн папщІэ тригъэкІуадэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ хуапшыныж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм игъэува хабзэм тету.

20 статья. Депутатым и дэІэпыкъуэгъэр

1. Депутатым и къалэнхэр игъэзащІэн папщІэ пщІэнщэу кьыдэлажьэ дэІэпыкъуэгъуу тхум щІимыгъу иІэну хуитщ.

2. Депутатым и дэІэпыкъуэгъум ягъэува мардэм кьитІасэ удостоверенэ ират.

3. КьулыкъукІэ кьыбгъэдэхуэ къалэнхэр щигъэзащІэкІэ, депутатым и дэІэпыкъуэгъум хуитныгъэ иІэщ:

1) депутатым Іущ Іэн папщІэ кьекІуалІэ хэхакІуэхэмра адрей цІыхуэхэмра езыр япщІыкІэ яхуэзэну, апхуэдэу депутатыр зыхуэзэнкъэр итхыну;

2) депутатым пщэрылъ кьызэрыщищІам икІи иткІэ ар лэжьыгъэкІэ зыхуеину документхэр, зэрызекІуэну документхэр, кьинэмыщІ информацэ материалхэр кьрагъэ органхэм, кьинэмыщІ органхэмра организацэхэмра кьыщыІихыну;

3) депутатым пощткІэ, телеграфкІэ кьыхуагъэхьэр кьыІихыну.

21 статья. Депутатым и статусыр кьызэрызэпаудым папщІэ яхь жэуапыр

1. ЗаконкІэ кьезэгъэу депутатым кьигъэувэр зэрамигъэзащІэм, лэжьэныкІэ абы зэран зэрыхуэхъум, апхуэдэу пцІыуэ зэрыщытыр ящІэу информацэ зэрыратым, информацэр, депутатыр зыщІэупщІахамра абы и тхыгъэмра я жэуапэр мы законым зэрыщыгъэувам хуэдэу икІи и пІалъэм кьриубыдэу зэрыщыгъэувам кьыхэкІыу кьуаншэхэр административнэ жэуапым ирашалІэ административнэ къуаншагъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм тету.

2. Хабзэм кьемызэгъэу депутатым, абы и унагъуэм щыщхэмра и благъэхэмра ятезыкъуэзэр икІи ягъэшынэу депутат лэжьыгъэм кьыпэрагъэкІыну е и лэжьэкІэр зэрагъэхьэжьыну пэщІоувэхэр, депутатым пцІы тезыльхьэхэр, и депутат кьалэнхэр зэригъэзащІэм ехьэлІауэ хэмыфащэ езыпэсхэр жэуапым ирашалІэ къэралым щызекІуэ законодательствэм тету.

22 статья. КІэух Іуэхугъуэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуклэ» 1994 гъэм шыщхьэуІум и 4-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №8-РЗ-м кьару имыІэжу кьэлтыитэн, я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу, депутат кьалэнхэри зыдэзыхь депутатхэм яхуэгъэза 22-нэ статьям и Іыхьэу мы Законым кьару игъэувын и пэкІэ Парламентым и депутату хахахэм яхуэгъэзауэ кьагъэсэбэпым нэмыщІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№30-РЗ

●Фокіадэм и 20-р Адыгэ я дунейпсо махуэщ

Адыгэ джэгуакІуэ, уэзщІакІуэ Агънокъуэ Лашэ.

ТхакІуэ, лъэпкъ Іуэрыіуатэр фІыуэ зыщІэу щыта Хьэхъупащ Амырхан.

Іуэрыіуэдэ, джэгуакІуэ Сыжажэ Къылъшыкъуэ.



Адыгэ литературэм и классик Щоджэнцыкіу Алий.

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КІыщокъуэ Алим.

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Балъкъэр Фоусэт.

Безрокъуэ Хужь и пщэдджыжь фIэхъусхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и диктор цIэрыIуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэсищэ ирокъу

СхузэфIэкIакъым усщыгъупщэн

ПИСЬМОУЛЪЭМ къыдэкIа тхылъымпIэм и япэ сатырхэм Хужь и нэхэр ирижащ: «СхузэфIэкIакъым усщыгъупщэн...» - къеджащ ар. Тхыгъэр гухэлъ уэрэдтэкъым икIи усэтэкъым. Радиом едаIуэ цIыху минхэм ящыщ зым, Безрокъуэ Хужь илъэсыщIэ хъуэхъу къыхуигъэхьауэ арат. «1958 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м и пщэдджыжьырт. ЦIыхуу уэрамым щызэхуэзэ псори зэщыгуфIыкIыу зэупщIыжырт: - Фи радиор псалъэрэ? - жаIэу. - Нобэщ дыкъыщалъхуар, ди унэм радио къыщопсалъэ! - зэпадзыжырт абыхэм. Апхуэдэ гуфIэгъуэм къыщIэтэджар бгы лъапэм щыпсэу жанхъуэтекъуэдэсхэрт. А махуэрщ, Безрокъуэ Хужь, дэ япэу уи макъ щызэхэтхар. Удмылъэгъуами, уэ дэ ныбжьэгъу пэж укъытхуэхъуащ абы лъандэрэ. Нэрылъагъуу удмыцIыхуми, ди гъусэщ уи макъыр дапщэщи. Сынохъуэхъуну си гуапэщ куэдрэ утхуэпсэуну, уи лэжьыгъэм куэдрэ урилэжьэну, уи макъыр радиом куэдрэ щызэхэтхыну».

Хужь, зэрихабзэу, и жьэпкъыр щIикъузэри къыпыгуфIыкIащ, письмом хуеплъыхыурэ. «Дыкъауэжэгъуакъыми ари хъарзынэщ», - и щхьэ хужиIэжри, студием щIыхьащ.

- Псалъэр Налшыкщ. Фи пщэдджыжь фIыуэ, ныбжьэгъухэ! - щIидзащ абы Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и нэтынхэм.

Безрокъуэ Хужь и хъыбар пIуэтэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и тхыдэр жыIэжын хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а тIур илъэс плIыщIкIэ къызэдэгъуэгурыкIуащ. Ар къалъытащ, дауи, Хужь 1965 гъэм «КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыщыфIащам.

Безрокъуэм и лэжьыгъэ тхылъым тхыгъэ куэд иткъым. 1932 гъэ - Кэнжэ къуажэм и пэщIэдзэ школым и егъэджакIуэщ. 1935 гъэ - комсомолым и областной комитетым и лэжьакIуэщ. 1937 гъэ - Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкIэ и дикторщ.

Илъэс 40-кIэ лэжьат Хужьи, абы IэнатIэу зэрихъуэкIар щы къудейщ, ауэ фIыщIэ тхылъу абы кърatар, щытхъуу цIыхум хужаIар къыпхуэмыбжынщ. Иужь дыдэу абы и тхылъым итщ: «Радиовещанэм зиужьын папщIэ хэплъхьа къарур, уи фIыщIэр къилъытэкIэрэ, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УказкIэ уэ, Безрокъуэ Хужь Сэхьид и пхъум, къыпфIащащ «РСФСР-м ЩэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, 1977 гъэ».

Радиовещанэм ди республикэм зыщиужьынымкIэ Хужь и къару еблэжакъым. Абы къыбжиIэжыфынут, зы махуэм адрейр кIэлъыкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зэрызиужьар. ИщIэжырт радиом япэ дыдэу концерт къит щыхъуар, ар къызэрызэрагъэпэща щIыкIэр: дикторым патефон бгъэдэту кърригъауэу, пIащIэгъуэкIэ пластинкэхэр зэрагъэдзэкIыу. Апхуэдэу концерт кIыхь къыпхуэтынт, патефоныр къыщIахыу щIаIуэнтIэхукIэ дикторым жиIэн къигъуэтын хуейт. Диктор Безрокъуэм Iэджэрэ къиту щытащ студием къыщызэхуэса цIыхухэм я концерт: къуажэм къраша лIыжь гупхэм уэрэд жаIэу е оркестрым музыкэ игъэзащIэу. А зэманым режиссёр, оператор жыхуэпIэхэр радиом щыIэтэкъым. «Зыгуэр къыхэпсчыкIмэ е къакIэрыхуауэ уэрэдым щIидзэмэ сыунэхъуакъэ» жысIэу, сыкIэзызу сащхьэщытт концертыр иухыхукIэ, нащхьэIущхьэкIэ сызыхуейр къезгъащIэу» - къыджиIэжырт Хужь.

«Псалъэр Налшыкщ, фи пщэдджыжь фIыуэ, ныбжьэгъухэ!» - а псалъэхэм илъэс плIыщIкIэ пщэдджыжь къэс ди къуажэхэмрэ къалэхэмрэ къыщIэтаджэу екIуэкIащ. ИкIи Безрокъуэм сыт щыгъуи иIэт пщэдджыжьыр зыгъэбжьыфIэ хъыбархэр.

«Сыт щыгъуи» жыпIэныр тэмэм дыдэкъым, - хэщэтыкIащ Хужь. - Зауэр щекIуэкIа зэманым хъыбар дыдж Iэджэ мыгъуи ятедгъэIуащ цIыхухэм. «Ди дзэхэр къокIуэт, мыпхуэдэ къэрал, мыпхуэдэ къуажэр бийм Iэрыхьащ», - жытIэу дыкъыщеджэкIэ, тхылъымпIэ дыкъызэджэм тхуэмыубыдыжу ди нэпсхэр щытфIытелъалъэ къэхъурт. Ауэ тIуэтэжащи, хъарзынэщ, - Хужь и нэхэр къогуфIэж. - «Бийм хэщIынығъэ иIэу йокIуэт. Хуит къэхъужащ ди къалэхэр, къуажэхэр», - жиIэу Совинформбюром къитхэм уеджэныр гуфIэгъуэшхуэт. Псом ящхьэр ди дзэр, ди совет цIыхухэр фашизмэм зэрытекIуарщ. А хъыбар гуфIэгъуэми сэрат япэу адыгэбзэкIэ къеджар, 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м. Ар си дежкIэ насыпт икIи щIыхьт. Арати, - къысщогуфIыкI Хужь, - щIэддзэжащ абы иужькIэ аргуэру мамыр Iуэхугъуэхэм дытепсэлъыхьын: вэн-сэным, мэкъумэшым, цIыхухэм я зэIузэпэщыныгъэм».

Безрокъуэ Хужь и лэжьыгъэм хуэпэжа цIыхущ. ИгъащIэм цIыхум илъэгъуакъым ар дакъикъэ ныкъуэкIэ къыкIэрыхуауэ е пIащIэ-тхъытхъыу зэджэну тхылъымпIэр къипхъуатэрэ студием щIэлъэдауэ. Ар гупсэхуу емыджауэ, зэджэр къызэрыщыхъуар къыбжимыIауэ, микрофоным IутIысхьэнутэкъым. Дикторым и къалэнхэм къаубыдыркъым редакторым и Iэ зыщIэлъ тхыгъэм хэIэзэщIыхьыжыну. Ауэ Хужь радиом и лэжьакIуэ куэдым яхуэхъуащ егъэджакIуэ, адыгэбзэм и къулеягъыр шэрыуэу къэгъэсэбэпынымкIэ, псалъэухахэр тэмэму, зэхэщIыкIыгъуэу зэхэлъхьэнымкIэ.

«Сигу ирихьащ, хъарзынэу тха хъуащ», - жиIамэ Хужь, шэч къытумыхьэж уи нэтыным. «Уа, хъуа мыгъуэу пIэрэ мы сыкъызэвгъэджар, сигу нэмысыщэурэ сыкъеджащ», - жиIакъэ? - фIыкIэ уи нэтыным ущIыпэплъэн щыIэтэкъым. Ди нэтынхэр гунэс зыщыхъуахэм япэу хъыбар зрагъащIэри Хужьт, IейкIэ радиор зи щхьэфэ иIэбэхэм гукъанэ зыхуащIыр - аргуэру арат.

Радиом и гъуджэу, абы и лэжьакIуэ псоми я лIыкIуэу фи пащхьэ итащ ар илъэс куэдкIэ.

Безрокъуэ Хужь илъэс 60-м пенсэ тIысыжат. Ауэ абы псэуху щIыхь зыпылъ къалэн ихьащ: ар щыкъу анэ нэмысыфIэу, гуащэ гумащIэу, и быным къащIэхъуэ цIыкIухэр ядипIу щытащ.

Хужь абы щыгъуэ лажьэрт. Радиом и махуэм, накъыгъэм и 7-м ирихьэлIэу, си цIэкIэ къэкIуащ радиом письмо. «Радиом и махуэм гуащэм и хъуэхъу» - арат къызэрыригъажьэр тхыгъэр.

Письмор апхуэдизкIэ дахэу зэгъэкIуати, сигу къинэжащ.

«1937 гъэм, пщэдджыжьым жэм къыдэсхуауэ, къуажэ советым хъумакIуэу щылажьэ лIыр къэувыIэри къызэхъуэхъуащ: «Уи нысэ цIыкIум и макъыр къуажэкум деж фIэлъ радиом щызэхэтхащ, икIи и цIэр зэры-Хужьыр къэтщIащ», - жиIэу итт письмом. - Абы щыгъуэ Лэскэн ЕтIуанэ дэсхэм радиор зи унагъуэм щыпсалъэр мащIэт. Ауэ куэд дэмыкIыу, ди къуажэм и унагъуэ куэдым, сэри сригушхуэу, си нысэм и макъыр къыщыIу хъуащ. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ, си мызакъуэу, Къэбэрдейм ис псоми Хужь и макъыр зэхах.

Тыншу зы ехулIэныгъи къэхъуркъым. Илъэс плIыщIкIэ радиом ущылэжьэнри тыншкъым. Псом хуэмыдэу ар гугъуащ Хужь дежкIэ. Адыгэбзэ алфавитыр а зэманым кърыубыдэу тIэунейрэ яхъуэжащ. Жэщхэм, жей имыIэу, алфавитыщIэр зэригъащIэу пщэдджыжьым къэпсэлъэн хуейт Хужь. ДэIэпыкъуэгъу иIэтэкъым, унагъуэри зэрихьэрт, сабиитIри ипIырт. ИтIани «нанэ, гугъу уохьыр, зытхуэхъумэ», - къызжиIэрт.

Куэд и нэгу щIэкIащ Хужь. Зауэ зэман къудейр пхурикъуни. А илъэсиплIым и кIуэцIкIэ щэней гуIэгъуэкIэ къысхудыхьэжащ си нысэ цIыкIур. Си щIалищ зауэм хэкIуэдащ.

КъыздегъэпсынщIэ Хужь гузэвэгъуэ щызиIэм и деж, къыздеIэт си гуфIэгъуэри. Си мызакъуэу, лъэпкъым сыт хуэдэ Iуэху къыщаIэтами, абы япэу нос сыт щыгъуи.

Уи пщэдджыжь фIэхъусым цIыхухэр дотэдж. Абы сэри срогуфIэ «узыншэу нэху къекIащ» - жызоIэри. Псалъэ, си нысэ. Псалъэ, Хужь. ХъыбарыфIхэр тхуэIуатэ.

Уи гуащэ нанэ - ХутIитI».

Безрокъуэ Хужь пенсэм кIуа нэужь, илъэс 30-м щIигъу псэуащ. Ауэ, итIани, «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» - жепIэфынутэкъым абы, жьы псалъэмрэ Хужьрэ апхуэдизкIэ зэпэIэщIэти. Ар псэуху щытащ гумызагъэу, япэхэми хуэдэу, жьырытэджу, гушыIэрейуэ, цIыхухэм яхуэгупцIанэу. Хужь зыцIыхуу е и макъыр зи нэIуасэу щыта дэтхэнэ зыми фIыкIэ ягу къинэжащ.

АФIЭУНЭ Рае.
2007 гъэ

Шэч къытесхьэркъым

Безрокъуэ Хужь и макъыр зымыщIэ, фIыуэ зымылъагъу республикэм истэкъым, абы радиомкIэ къит хъыбархэм цIыхубэр яфIэфIу едаIуэрт.

СЭ ЛЭЖЬЭН щыщIэздзагъащIэм адыгэ редакцэм щыIэ цIыхухъу гупым - Журт Биберд, Къагъырмэс Борис, Теувэжыкъуэ Пётр сымэ - сахыхьауэ щытащ. Ахэр псори къыздэIэпыкъуну сыт щыгъуи хьэзырт, адыгэбзэр зэрысщIэм, ар фIыуэ зэрыслъагъум щыгуфIыкIыу апхуэдэт, тIэкIуи сагъафIэрэ жыпIэну. Абы щыгъуэм Хужь нэхъ ткIийуэ къызбгъэдыхьауэ щытащ. «Уэ цIыкIур, микрофоным къэтIыси, укъызэреджэм дегъэплъыт», - къызжиIащ абы. Хужь тхыгъэм сыкъригъаджэри: «Адыдыд, сыт абы и макъыр зищIысыр? Сабий макъ Iейщ», - пищащ. «НтIэ, сабий нэтынхэм къедгъаджэ хъунукъэ?» - зыгуэрым щыжиIэм, абы арэзы техъуауэ щытащ. Абы и макъ гъэдэхамкIэ, парт унафэм тещIыхьауэ Iэтауэ къызэрыпсалъэм тепщIыхьмэ, пэжт Хужь жиIар.

Лэжьыгъэ гугъу дыдэт а зэманым ар зыпэрытыр. Зы хьэрфкIэ щыуамэ е тIэкIу теплъэкъукIамэ, IэнатIэм IуагъэкIыжырт, макъыр зэрыдахэми зэрыгурыхьми емылъытауэ. Абы теухуауэ Хужь цIыху зэщIэкъуауэ лэжьащ, зыпэрыт IэнатIэм пылъ жэуаплыныгъэр зыхищIэу, и лэжьыгъэм елIалIэу, егугъуу пэрытащ. А зэманым радиом и лэжьыгъэм пщIэшхуэ иIэт. Абы щылажьэхэм я къалэнт пщэдджыжьым жьыуэ екIуэлIэну. А лъэхъэнэм журналистхэм автор программэ ирагъэкIуэкIыу щытакъым. Радиом къитыну псоми къеджэн хуейт. Коммунист партым и унафэшхуэхэр адыгэбзэкIэ жэщым зэрадзэкIыу газетым къытехуа нэужь, зэрыщыту а напэкIуэцIхэм къеджэну я къалэну щытащ. Ди пщэрылъхэм хэщIакъым, нэхъыбэ хъуащ армыхъумэ. Ауэ, апхуэдэу ар къызэджэу щыта бжыгъэшхуэхэм, тхыгъэшхуэхэм укъеджэнуи тынштэкъым. Абыхэм къалъыс зэманыр иджыпсту елъытауэ нэхъ мэщIами, къалэнышхуэрэ лэжьыгъэшхуэрэ зэфIахыу щытащ. Шэч къытызохьэ абы и лэжьыгъэр дэ нобэ тхуэгъэзэщIэну. Хужь зэхэзыщIыкI и унагъуэм, и бынхэм зыкъыщIагъакъуэрт. Ар и теплъэкIэ цIыхубз зэщIэкъуауэ, и хьэлщэнкIи зэкIужу щытащ. ЛэжьапIэм IукIыжа нэужь, си нэтынхэм ящыщ зым Хужь къыщызгъэпсэлъауэ щытащ.

А зэманым радиом щылэжьахэм зэфIэкIышхуэ, къалэнышхуэ яIащ. ТщIэр яфIэину, яфIэдахэу къыщалъытэкIэ, щыжаIэкIэ згъэщIагъуэрт. Зы гурыфIыгъуэ гуэр абы къуитырт. Лъэхъэнэм декIуу щытахэщ. А нэхъыжьхэр зэрыдгъэпэжар, пщIэ зэрыхуэтщIар арауэ къысщохъу ноби лъэкIыныгъэ, зэфIэкI гуэр щIыдиIэр. Дызэрыхуейм хуэдэу зэманыр дымыуззэдами, сыхьэт 24-кIэ республикэм щыпсэухэм дызэхахыу радиор зэрылажьэм я псэр зэрыщыгуфIыкIым шэч къытесхьэркъым.

КЪУДЕЙ Лидэ,
радиом и журналист.

«Псори зрегъэдэIуэф»

«Радио» жыпIэмэ япэу зи цIэ уигу къэкIхэм ящыщ Безрокъуэ Хужь теухуауэ куэд схужыIэнущ. УнафэщIхэми, лэжьэгъухэми, цIыхубэми фIыуэ ялъагъуу щытащ ар.

ХУЖЬ радиом и диктору илъэс куэдкIэ лэжьащ. Дикторым и мардэр фIыуэ зыгъэзащIэ, ар къызэхъулIэ лэжьакIуэу и IэнатIэм пэрытащ. Нэтынхэр щригъэкIуэкIкIэ куэдрэ зигъэхьэзырыртэкъым, езыр гурыхуэт. Правительствэм къыдигъэкIа унафэ къомым къеджэрт, ахэр цIыхубэм я деж нихьэсырт. Радиом и мыхьэнэр фIыуэ къызыгурыIуэ Хужь а лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы иригъэджахэм ящыщ Мыз Майе журналист лэжьыгъэм и щэхухэм хигъэгъуэзащ. И егъэджакIуэм куэд къыпкърызыха Майе лэжьакIуэ Iэзэ къищIыкIащ.

1974 гъэм МГУ-м и журналистикэ факультетым сыщыщеджэм, ди республикэм и радиомрэ телевиденэмрэ теухуа диссертацэ здэстхым, Москва къыщыдэкI «Говорит СССР» журналым Безрокъуэ Хужь теухуа тхыгъэ сыщрихьэлIауэ щытащ, Москва къикIыу ди республикэм щыIа журналистым итхауэ. Абы нэхъыщхьэу итт: «...адыгэ, бгырыс цIыхубз Безрокъуэ Хужь и макъыр апхуэдизкIэ дахэщ, гуакIуэщи, бгыхэми псыхэми кIуэцIрокI, псори зрегъэдэIуэф, и макъ гуакIуэм псори дехьэх».

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Ноби сыхуэныкъуэщ

• Пхъум и псалъэ

Зэпымыууэ сигу къокIыж пщэдджыжь нэмэзым си анэр лэжьапIэм кIуэуэ радиомкIэ къэпсалъэу сыкъигъэушу зэрыщытар. Анэ къудей мыхъуу, мамэ си ныбжьэгъу пэжт, чэнджэщэгъут.

ДИ УНАГЪУЭМ зэхущытыкIэ дахэ илът, зым и дзыхь адрейм иригъэзу, адэ-анэм пщIэ хуэтщIу. Псалъэмакъ мыхъумыщIэ ди деж зэи щызекIуэу щытакъым. Ди адэр цIыху щабэт, зэтетт. Арагъэнт абы нэхърэ ди анэм нэхъ сыщышынэу щIыщытари. ЗыгъэпсэхуакIуэ щыщыIэхэм хуабжьу мамэ дыхуэзэшырт. ГушыIэ дахэ зыхэлъ си адэм жиIэрт: «Санаторэ кIуэи, дэри тIэкIу зыдгъэгъэпсэху».

Нысэ къыхуашар си анэм пхъум хуэдэу фIыуэ илъэгъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сэр нэхърэ Нелли нэхъыфIу псори хущытын хуейуэ къилъытэрт.

Ди унэр цIыху кIуапIэт, благъэ, Iыхьлыхэр щыхьэщIэу. Нэхъыбэу ар къызыхэкIыр си анэр зэрыцIыху гуапэрт, хьэлэлырт. Дэри зэпымыууэ диущийрт благъэхэр, гъунэгъухэр фIыуэ тлъагъуну.

Си анэр IэфI дыдэу пщафIэрт, псом хуэмыдэу адыгэ дэлэныр, Iум икIуадэу, къехъулIэрт. Университетым къыщызедеджэ си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэр ди деж иригъэблагъэурэ яхуэпщафIэрт, игъэхьэщIэрт.

Си дэлъху Арсенрэ си анэмрэ яку зэхущытыкIэ дахэ дэлъащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Арсен гъащIэ кIэщIт, илъэсищ и пэкIэ дунейм ехыжащ. Си анэр дохутырхэм я Iэзэгъуэ хэмылъу жаIэу сымаджэщым къыщIашыжа нэужь, иджыри илъэс 13-кIэ зэрыпсэужар Арсен и фIыгъэщ. ФIыуэ илъагъу и къуэ закъуэр дунейм зэрехыжар си анэм и нэгу зэрыщIэмыкIар нэхъыфIщ.

Нобэр къыздэсым мамэ и макъыр си тхьэкIумэм итщ. Ди Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ зэпызыщIэ си анэм псоми я дзыхь кърагъэзырт. Си анэшхуэми фIы дыдэу къилъагъурт. Къуажэм дыкIуэжауэ сыщызэранкIэ, жиIэ хабзэт: «А угъурлым къилъхуам ищIакъым ар». Си зэранкIэ си адэ къуэшым и къуэр Iэджэрэ щаукI къэхъурт.

Си анэм фIэфI дыдэт сабийхэр зэхыхьэхэм, зэхьэзэхуэхэм я зэфIэкI щеплъыжкIэ. Си къуэр балетым хэтти, зэпымыууэ зэпеуэхэм, фестивалхэм ишэрт. Си гъэсэн цIыкIухэм я гъусэу сыкIуауэ щилъагъукIэ, къызжиIэрт: «Уи бынхэм щхьэкIэ зэман уиIэкъым, хамэхэм ейхэм папщIэ къыбогъуэт».

Куэдрэ сигу къокIыж «Нальчанка» ансамблым и гъусэу хамэ къэралым дыкIуауэ Санкт-Петербург дыкъэмыкIуэжыфу гъунапкъэр зэхуащIауэ зэрыщытар. Жэщым си анэм телеграммэ хуезгъэхьри, пщэдджыжьым ди Iуэху зэIумыбзыр тхузэфIигъэкIауэ автобусыр къытпэплъэрт.

Мамэ зэпымыууэ кIэлъыплъырт ди унэ лэжьыгъэхэр зэрыдгъэзащIэм, тхылъ куэд деджэну дыкъыхуриджэрт. Доклад щызгъэхьэзыркIэ си анэми зэпымыууэ и нэIэ къыстетт. Анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрызмыщIэм щхьэкIэ куэдрэ къызэшхыдэрт. Ауэ а зэманым адыгэбзэр тхьэмахуэм къриубыдэу зы сыхьэт закъуэ дагъэджу арат. Си анэми къызэрилъытэмкIэ, адыгэ литературэм и тхакIуэ нэхъыфIхэм я тхыгъэхэм я фIагъыр, я дахагъыр зыхэпщIэфынутэкъым, уи анэдэлъхубзэр фIыуэ умыщIэмэ.

Зыхилъхьэ щымыIэу и лэжьыгъэр фIыуэ илъагъурт. Къызэджэн хуей тхыгъэм зэ къемыджауэ микрофоныр къищтэнутэкъым. Къылъыс жэуаплыныгъэр фIыуэ зыхищIэрт. И гъэсэн Мыз Майе и макъ щызэхэсхкIэ си анэм изогъэщхь.

Пенсэм тIысыжа нэужь, си анэр республикэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм телевизорымкIэ, радиомкIэ жыджэру кIэлъыплъащ, тхылъ куэд еджащ. «Наш адрес Советский Союз» телеэтыным ПщыхьэщIэ Мухьэжыррэ Сосмакъ Валентинэрэ я гъусэу Москва щрагъэблэгъам адыгэбзэкIэ «Псалъэр Налшыкщ» жиIауэ зэрыщытар сигу къинэжащ.

Радиом къыIукIыжу пенсэм щытIысыжам хуабжьу къехьэлъэкIащ. Илъэс 90 щыхъум нэтын хуагъэхьэзырыну къыхуагъэлъэгъуат, ауэ арэзы техъуакъым: «ЦIыхухэм апхуэдэу ягу сыкърыренэж», - жиIэри. ИужькIэ си анэм теухуа нэтын Къумахуэ Мухьэдин игъэхьэзырауэ щытащ. Мухьэдин абы щыгъуэм игъэщIэгъуат илъэс 90 хъуа пэтми, си анэм акъыл жан иIэу къызэрызэтенар.

УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщам дыгуфIащ. Ауэ, си анэм и дежкIэ щIыхьыщIэхэратэкъым, дауи, нэхъапэр, нэхъыщхьэр цIыхухэм я деж хъыбарыщIэхэр зэрынихьэсынырт, абыхэм зэращхьэпэнырт. Мамэ зэпымыууэ «ФIы щIэи, псым хэдзэ» псалъэжьыр жиIэрейт. Гуапагъэ пщIэмэ, гува-щIэхами абы зэгуэр уи деж къигъэзэжынущ.

Си анэр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу Левитан Юрий къыхуигъэхьа хъуэхъум итщ: «Поздравляю кабардинского Левитана» жиIэу, езым и макъымрэ си анэм еймрэ зэхуигъадэу. Я теплъэкIи я макъкIи ахэр зэщхьу Левитан къызэрилъытэр си анэм и гуапэ хъурт икIи абы иригушхуэрт.

Радиом и унэм сыщыблэкIкIэ сыкъэмыувыIэу схуэшэчыркъым. А IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм си анэм илъэс бжыгъэ куэдкIэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ. И лэжьэгъухэм пщIэ яхуищIу, фIыуэ илъагъуу щытащ. Пенсэм щыкIуэм псалъэ гуапэ куэд къыхужаIауэ щытащ. Мамэ дэлэжьащ Багъэтыр Аркадий, АфIэунэ Рае, БжэныкIэ Мухьэб, Къудей Лидэ сымэ. Ноби цIыхухэм си анэр зэращымыгъупщэр, и цIэр къызэрыраIуэр си гуапэщ.

Си анэр дунейм щехыжам куэд сфIэкIуэдащ. Абы ноби сыхуэныкъуэщ.

БЕЗРОКЪУЭ Еленэ.

Махуэ къэс

Си егъэджакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ Безрокъуэ Хужь цIыху пэжу, цIыху къабзэу зэрыщытар сигу къинэжащ.

РАДИОМ сыщIэдэIуу сыкъэхъуати, Хужь и макъыр фIыуэ сщIэрт. Апхуэдизу сфIэфIу махуэ къэс сызэдаIуэ а бзылъхугъэр нэхъ гъунэгъуу зэзгъэцIыхуну си гуапэт. ИужькIэ, университетым сыщыщIэсым, ди егъэджакIуэхэм къызжаIащ радиор диктор зэрыхуэныкъуэр, си макъыр абы хуэкIуэну къызэралъытэр. А зэманым дикторхэр зэпеуэкIэ къыхахыу арати, си адэ-анэри си щхьэгъусэри а Iуэхум арэзы щытехъуэм, сыкIуащ. Абы цIыхушхуэ екIуэлIат. Зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалъытахэм къытхэдэжын хуейт. Иужь псалъэр Безрокъуэ Хужь къыщылъагъэсым, сыкъыхихауэ щытащ.

Лэжьыгъэм хуэпэжу гу къабзэкIэ пэрытащ Хужь. Пщэдджыжь нэмэзым лэжьапIэм къакIуэрт. Сэ жьы дыдэу сыкIуэу къысщыхъуж щхьэкIэ, ар си япэжкIэ къэкIуауэ зэрыщIэсыр згъэщIагъуэрт, газетым и обзорым теухуауэ къызэрыпсэлъэнум зыхуигъэхьэзырауэ. 1977 гъэм лэжьапIэ сыувауэ щытащ. Илъэс 40-кIэ лэжьэну хунэсат абы щыгъуэ си егъэджакIуэр. Япэ дыдэу микрофоным сыщытIысам, нобэ хуэдэу сощIэж, Хужь сызэрытригъэгушхуауэ щытар. Сызэригъэса илъэсым къриубыдэу щапхъэ куэд тесхащ, цIыхугъэшхуэрэ адыгагъэрэ дэслъэгъуащ.

И лэжьэгъухэр Iуэхум зэрытригъэгушхуэным хущIэкъу зэпытт ар. Редакторхэм къыдат лэжьыгъэхэм абыхэм я Iизыныншэу сыхэIэбэну сызэрыхуимытым, ар зэгъэзэхуэжын хуейуэ къэслъытэмэ, яжесIэн зэрыхуейм сыхигъэгъуэзащ. Радиом и лэжьакIуэхэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ Хужь къытекIуэн нобэр къыздэсым срихьэлIакъым, апхуэдизкIэ цIыхугъэшхуэ хэлъти. И IэнатIэр фIыуэ илъагъуу, зэи къыкIэрымыхуу радиом щыIащ. Сигъэлъэгъуа гъуэгум сытет си гугъэу нобэр къыздэсым гукIи псэкIи солажьэ, къызжиIа псалъэхэр си гъуазэу, ахэр сщымыгъупщэу.

МЫЗ Майе, *КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

Къалэр иджыри жейуэ

Илъэс 50-м нэблагъэкIэ республикэ радиом щылэжьа Безрокъуэ Хужь унагъуэ дахэ, гъэса къызэринэкIащ.

ХУЖЬ и щхьэгъусэ Безрокъуэ Уэсмэн адыгэ лъэпкъым щыщу япэ дыдэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтахэм ящыщщ, прокурору лэжьащ. Хужьрэ абырэ къуэрэ пхъурэ зэдапIащ, гъэсэныгъэ дахэрэ щIэныгъэрэ ирагъэгъуэтащ. Я къуэ Арсен дзэ дохутыру илъэс куэдкIэ лэжьащ. Абы и щхьэгъусэ Нелли КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым пщIэрэ щIыхьрэ иIэу щолажьэ. Арсенрэ Неллирэ я къуэ Жамбот и адэм и лъагъуэм ирокIуэ, унагъуэщ, хъыджэбзитI къащIохъуэ. Япхъу Еленэ щэнхабзэм и лэжьакIуэщ, щIэблэ дахэ иIэщ. Апхуэдэ унагъуэ дахэ къызэранэкIащ Хужьрэ Уэсмэнрэ. Дрогушхуэ лъэпкъым, Iыхьлым я напэ тезых, цIыхум къадемыкIуэкIыф, лэжьэкIэ зымыщIэ яхэмыту къызэрекIуэкIам. Ахэр псори езыр-езыру нобэ къакIуа унагъуэ насыпкъым. И пщIэр лъагэу Хужь лъэпкъым хэсащ. Кэнжэ къуажэм щыщ Тэтэрхэ япхъут езыр. Благъэри, гъунэгъури, ныбжьэгъури иIыгъыфу, бгъэдыхьэкIэ яхуиIэу апхуэдэт.

Ди анэшхуэ Безрокъуэ ХутIитI илъэси 102-кIэ псэуащ. Ар Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэсти, къалэм зыщрагъэгъэпсэхуну, тIэкIу щагъэIэну ипхъухэм къашэрт. АрщхьэкIэ, ипхъухэм я деж куэдрэ щыIэн идэртэкъым, си къуэмрэ Хужьрэ я деж сыфшэж жиIэрти. «Уи къуэмрэ уипхъухэмрэ зэхуэбгъадэркъым, Хужь, уи малъхъэхэм я деж ущыIэну пфIэфIкъым», - жаIэу малъхъэхэр къехъурджауэрт.

Хужьрэ Уэсмэнрэ я унэр сыт щыгъуи цIыху кIуапIэт. Къуажэм дыкъикIауэ деджэн хуейми, экзамен ттыну къытпэщылъми, лэжьапIэ дыувын хуейми, псори абыхэ я деж дыщыIэну дыхуейт, апхуэдизкIэ нафIэгуфIэу, я гумрэ я нэгумрэ зэIухауэ, я Iэнэр зэтету, цIыху гуапэхэти.

Хужь и лэжьыгъэм хуищI пщIэр, хуиIэ щытыкIэр умылъагъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Къэхъуакъым ар зэгуэр лэжьапIэм къыщыкIэрыхуа. Къалэр жейт Хужь лэжьапIэм щыкIуэкIэ. Япэм, иджы хуэдэу, и пэ иту нэтынхэр ирагъэтхыртэкъым, атIэ жаIэр эфирым занщIэу кIуэрт. Ар къызэджэ псори «эфир занщIэт».

Си унэцIэр зэхэзыххэм: «Хужь уи сыт уэ?» - жаIэу щIэупщIэрт. И макъыр сыту гуакIуащэ, сытуи жьакIуэу къеджэрэ, адыгэбзэр сыту дахэу игъэбзэрабзэрэ жаIэу апхуэдэт, пщIэ хуащIу зэредаIуэри къыхагъэщырт. Ахэр си гуапэ дыдэ хъурт.

Спорт зэхьэзэхуэхэр, щэнхабзэ фестивалхэр, зэхыхьэхэр фIэфI дыдэт Хужь. Ди къэралым и Гимныр къыщеуэкIэ къэтэджырт, дэри абы дыдэплъейрт. УщIалэу а хьэлыр зыхэплъхьа иужькIэ, уи гум къонэ. Къэралым и Гимным абы апхуэдизкIэ пщIэ хуищIырти, ар зылъагъухэм щапхъэ тетхырт.

Сэ сыщеджар КъБКъУ-м и адыгэ-урыс къудамэрщ. Абы сызэрыщIэтIысхьам Хужь и фIыгъэ хэлъу къызолъытэ. Абы адыгэбзэр зэригъэбзэрабзэр, хуищI пщIэр зыхэсщIат. Сэ сыщыщIэтIысхьэ илъэсым абы ипхъу Ленэ урыс къудамэм и етхуанэ курсым щеджэрт. Къыхэсха IэщIагъэр къыщащIам, къыздаIыгъауэ щытат си анэми Хужьи. Ленэ сишэри си тхылъхэр зэгъусэу университетым еттащ. Школым фIыуэ сыщеджа щхьэкIэ, экзаменым сыпхымыкIынкIэ сышынэрт.

Илъэс 43-рэ хъуауэ егъэджакIуэ IэщIагъэм сыпэрытщ, си дипломыр къысщхьэпэжащ.

Тэтэрхэ япхъуми Безрокъуэхэ я деж и гъащIэм и нэхъыбэр щызыгъэкIуа Хужь ди лъэпкъым и унэцIэр игъэпэжу псэуащ. Абы и цIэр фIыкIэ зэрыжаIэр, зэрагъэлъапIэр, зэращымыгъупщэр ди гуапэщ.

БЕЗРОКЪУЭ Маритэ,
УФ-м профтехегъэджэныгъэмкIэ и отличник.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

«Жьэгур» хуабэкIэ лъэпкъым догуашэ

● Щэнхабзэ

Адыгэхэм зэрахьэу, сыт щыгъуи ягъэлъапIэу, мыхьэнэ хэха хуащIу къадэгъуэгурыкIуа хабзэхэрщ зытеухуар «Адыгей» къэрал телерадиокомпанием игъэхьэзыр «Жьэгу» проектыр. Ар къызэрагъэпэщащ Хъыбарегъащ1э IэнатIэхэмрэ печатымкIэ федеральнэ агентствэм къыщахьа грантымкIэ.

КЪЭГЪЭЛЪЭГЪУАПХЪЭЩ абы папщIэ щIыналъэ 40-м я телерадиокомпаниехэр зэрызэпеуар икIи ар къэпхьыныр тыншу зэрыщымытар. ТехникэкIи IэщIагъэлI IэзэхэмкIи фIыуэ къызэгъэпэща компание зыкъомым яхузэфIэкIакъым ар. Зэпеуэм нэхъыбэу къыщалъытахэм ящыщщ нэтынхэм, творчествэ и мызакъуэу, щIыналъэхэм я щытыкIэр, псэукIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар, социальнэ мыхьэнэуэ яIэр.

«Жьэгу» проектыр гъэхьэзырыныр зи жэрдэмыр телевиденэм тематическэ нэтынхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тау Замирщ.

«Лъэпкъым и гъуазджэм, щэнхабзэхэм тепсэлъыхь проектыр къызэрыдэхъулIам хуабжьу дигъэгушхуащ, дяпэкIи лэжьыгъэшхуэ зэфIэтхын хуейуэ къызэрытпэщылъри къыдгурыIуащ. Дэ дыхущIэкъунущ ди лъэпкъым дахагъэу хэлъхэр, и щхьэм хуищIыж пщIэр, унагъуэм и мыхьэнэр, хьэщIэм хуащI нэмысыр кууэ къэдгъэлъэгъуэну. Ахэр ди адыгэ псэукIэм епха защIэхэщ. А псори щызэхэплъхьэжым, зыуэ щызэщIэбгъэуIуэжым деж къапкърыкIыр хуабагъэщ, ар архитектурэ и лъэныкъуэкIи гъэщIэгъуэнщ», - жеIэ Тау Замир.

«Жьэгу» проектыр къэтыгъуэ Iыхьиплiу зэхэтщ, зытепсэлъыхьхэри адыгэхэм я дежкIэ жьэгум иIа мыхьэнэрщ.

Жьэгум и хъумакIуэ бзылъхугъэхэм я образхэр къэгъэлъэгъуэным елэжьащ Тау Замиррэ Гъэзий Бирэмхъанрэ. Унэм щапщэфI шхыныгъуэхэр зыгъэхьэзырыр ТIэшу Светланэрэ ДыщэкI Хьэбидэтрэщ. Уэрэдхэм къаIуэтэж хъыбархэм дрегъэдаIуэ Кущ Светланэ. Жьэгум и зэхэлъыкIэмрэ зэращI щIыкIэмрэ топсэлъыхь Даур Хъусен.

Къыхэгъэщыпхъэщ ди лъахэм и щIыуэпсымрэ щIыпIэ дахэхэмрэ я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, тенджыз ФIыцIэ Iуфэ шапсыгъхэм я дежи, Тыркуми ди нэтынхэр зэрыщытетхар. А щIыналъэхэм щыпсэу адыгэхэр жьэгум и хуабэм зэрешэлIэж, зэпещIэж.

Нэтынхэр дгъэхьэзырынымкIэ къыддоIэпыкъу ди лъэпкъ театрым и лэжьакIуэхэр, «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр, лъэпкъ уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ къэрал ансамблхэу «Ислъэмей», «Ашэмэз», «Синдикэ», «Шапсугия» къэфакIуэ гупхэм хэтхэр, АР-м и Лъэпкъ музейм, КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я музейм и къудамэу Мейкъуапэ дэтым я лэжьакIуэхэр. А зи цIэ къисIуа псоми я дэIэпыкъуныгъэкIэ дэ тэмэму къыдогъэлъэгъуэж пасэм адыгэхэм я псэукIари, хабзэ дахэу зэрахьахэри, абыхэм яхэлъа щыщIэныгъэхэри.

Ди нэтынхэм, ехъулIэныгъэхэри зыхунэмысахэри къапщытэжу, хоплъэж а Iуэхухэм елэжь щIэныгъэлIхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, щIэныгъэлIхэу Лэупэ Нурбий, Тау Аслъэн, Къуикъуэ Асфар, Унэрокъуэ Мирэ, ЦIыкIунибэ Iэминат, Бырсыр Абдулэхь.

Адыгэ хабзэм щынэхъыщхьэхэм - нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхущытыкIэхэм, ерыскъым ират мыхьэнэм, цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэбгъэдэтыкIэхэм, нэгъуэщIхэми ди нэтынхэм увыпIэшхуэ щаубыд.

«Адыгей» телерадиокомпанием урысыбзэкIи адыгэбзэкIи иригъэкIуэкI нэтынхэр щагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхъазым я телевиденэхэми. ДяпэкIэ ахэр тыркубзэкIэ зэрадзэкIыу, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми ирагъэлъагъуну я мурадщ.

Ди нэтынхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр жиIащ археолог Тау Аслъэн икIи езыр абыхэм зэреплъ щIыкIэр къытхуиIуэтащ:

Жьэгу мафIэр адыгэхэм нэхъ ягъэлъапIэ дыдэхэм ящыщщ, аращ проектым «Жьэгу» зэрыфIащари къыщIезэгъ дыдэр. Илъэс мин бжыгъэкIэ ди лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэми, зэхэтыкIэ-псэукIэми я лъабжьэр унагъуэрщ. ЦIыхухэр зэбгъэдэзышэри, бынунагъуэм ишхынухэр щапщэфIри жьэгурщ. Адыгэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэри зэхуешэ жьэгум и хуабэм.

Адыгэ телевиденэм нэгъуэщI гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр егъэхьэзыр. Ахэр ди тхыдэм, этнографием, ди щIыуэпсым и фIыгъуэхэм, дахагъэм, ди нобэрей псэукIэм теухуащ. Абыхэм телефильмхэри яхэтщ, зэкIэ тележурналистхэм проектым хагъэхьа фильмиплIыр гъэщIэгъуэн дыдэхэщ. Аращ а Iуэхур къэзыIэтахэм я мурадыр къайхъулIэну гугъэ дэзыгъэщIри. Абыхэм цIыхухэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ япэ щIыкIэ урысыбзэкIэ, итIанэ адыгэбзэкIэ.

Адыгэхэр дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Илъэс минипщI бжыгъэкIэ абыхэм тхыдэм и гъуэгуанэ гугъу, гъуэгушхуэ дыдэ къакIуащ. Ди археологиер къулейщ, ди тхыдэр гъэщIэгъуэнщ, ди адыгэ хабзэхэм хуэдэ зиIэ лъэпкъ гъуэтыгъуейщ. Арами, ди телевиденэм кърихьэжьа Iуэхугъуэщ1эр зытепсэлъыхькIи къигъэлъагъуэкIи зыхуэгъэзахэр лIыхъужьхэм я закъуэкъым. Фильмхэр зытеухуахэмкIэ, я къэIуэтэкIэмкIэ гъэщIэгъуэнщ, удэзыхьэхщ, узыIэпызышэщ. Ауэ ди лъэпкъым ехьэлIауэ къэIуэтэн хуейхэм мыр я щIэдзапIэу аращ. ИкIи щIэдзапIэ къудейкъым, атIэ Iэзагъэшхуэ хэлъу ялэжьа Iуэхугъуэщ1э щхьэпэщ. «Жьэгум» къэрал саугъэтыр иратыну зэрагъэлъэгъуар къудым игъуэ дыдэу ялъытэ. Тележурналистхэм я лэжьыгъэм ар хуэфащэщ.

МЭШЛIОКЪУЭ Сэидэ,
АР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Топ дэгъэкIыныр Алим къыIурыIэфIэ

● Футбол

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:1). Ставрополь. «Динамо» стадион. ШыщхьэуIум и 22-м. ЦIыху 700 еплъащ.

Судьяхэр: Гуренкэ, Петров, Константинов (псори Астрахань щыщщ).

«**Динамо-Ставрополь**»: Афанасьев, Бакланов, Солтанов, Бердников, Невидимый, Шрейдер (Сёмкэ, 46), Гыстаров (Григорян, 74), Чернышев, Клюев (Медведев, 52), Магомедов, Сердюков.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ (Тебэрды, 87), Мурачев, Дашаев, Кузнецов, Дроздов (Семёнов, 90), Гъурф, Каркаев (Крамаренкэ, 73), ДзыхьмыщI (Ахриев, 57), Бажэ (ЛIуп, 77), Гугуев.

Топыр дигъэкIащ Каркаевым, 26 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Бердниковым, Каркаевым, Гъурфым, Магомедовым.

ИДЖЫРИ къэс «Спартак-Налшыкым» хэту къыхэмыжаныкIыфа Каркаев Алим джэгугъуэ кIуам дигъэкIа топым ди щIалэхэр Новочеркасск къикIа МИТОС-м тригъэкIуащ. Мис аргуэруи, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм, абы и фIыгъэкIэ налшыкдэсхэм очкоищ Ставрополь кърахш. Топ дэгъэкIыныр Алим къыIурыIэфIауэ фэ тетщ икIи, апхуэдэурэ иригъэкIуэкIмэ, дыщыгуфIыкIыну аращ.

ТхьэмахуитI ипэкIэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Динамо-Ставрополь»-мрэ мы стадион дыдэм щызэIущIат. Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьэнымкIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм и финалым и 1/64-нэ Iыхьэм ахэр зэхуишат. ЗэрыфщIэжщи, ди щIалэхэр абы щыгъуэм 3:0-у текIуэри, адэкIэ кIуэтащ. Кубокым ехьэлIа зэпеуэм зэрыхэтращ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыIэ зэхьэзэхуэм хыхьэ зи гугъу тщIы мы джэгугъуэр махуищкIэ къыщIагъэIэпхъуар - бэрэжьей къакIуэ «Спартак-Налшыкым» Астрахань и «Волгарь»-р кърагъэблэгъэнущ.

Ставрополь щрагъэкIуэкIа зэIущIэр ди щIалэхэм я тепщэныгъэкIэ къыщIидзащ - тхьэмахуитI ипэкIэ щыIам адэкIэ къыпащэу фIэкIа пщIэнтэкъым. Ахэр ерыщу трагъэгушхуэрт ди республикэм икIауэ стадионым щызэхуэса цIыху гупышхуэм. Налшыкдэсхэр псынщIэт икIи IэкIуэлъакIуэт, топри Iэзэу зэIэпахырт.

Я щхьэр здахьынур ямыщIэжу хэгъэрейхэр къызэхэнат. Псом хуэмыдэу ахэр гугъу ирагъэхьырт Бажэ Амиррэ Гугуев Магомедрэ. АрщхьэкIэ топыр дэзыгъэкIар гъуащхьэхъумэнынкъуэ Каркаев Алимщ. 26-нэ дакъикъэм «Спартак-Налшыкым» зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщ къызэригъэпэщащ. Абы хыхьа Каркаевым жыжьэу щыту топыр сэмэгурабгъумкIэ къыщыхитащ. Зыри емыIусэу хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым и щIыбымкIэ ар къищIэтысхьащ - 1:0.

ЗэрымыщIэкIэ бжыгъэр къызэхъуами, Iуэхур абы хуэкIуэрт. АдэкIи хьэщIэхэм я тепщэныгъэр яутIыпщакъым. Хэгъэрейхэм ящыщу цIыхуитI-щы фIэкIа ди гъуэм зэи гъунэгъу къыхуэхъуртэкъым.

Каркаев Алим (14) къыхэжаныкIащ.

Загъэпсэхуу къызэрихьэжу Iуэхум зигъэзэным зы мащIэ дыдэщ иIэжар. Джэгум и япэ Iыхьэм лэжьыгъэншэу къекIуэкIа ди гъуащхьэтет Антипов Антон къыдэжри, гъуэр нэщIу къигъэнащ. Насып диIэти, Магомедовыр зэуа топыр абы хуэзакъым.

Къэхъуам дерс къыхихри «Спартак-Налшыкыр» адэкIэ нэхъ зэщIэкъуауэ джэгуащ. ИпэкIэ кIуэтэну ежэжьа «Динамо-Ставрополь»-р абы игъэбэлэрыгъыну хущIэкъуащ. Псом хуэмыдэу ди щIалэхэр лъэщащ зэIущIэм и иужь дакъикъэхэм. Джэгум къыхыхьа Ахриев Хьэсэнрэ ЛIуп Ислъамрэ хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъумэхэм гугъуехь куэд трагъэлъащ.

Бжыгъэм зимыхъуэжауэ зэIущIэр иухащ. Абы и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм бжьыпэр щиубыдащ. Пэжщ, адрейхэр нобэ зэдэджэгуа иужькIэ «IэфIыпсыр» къылъэщIыхьэжынкIэ хъунущ - абы щхьэкIэ ар Краснодар щытекIуэн хуейщ.

Щэбэт кIуам нэгъуэщI зы зэIущIи екIуэкIащ. Ди щIалэхэми хуэдэу, УФ-м и кубокым пщэдей щыджэгуну СКА-р Дон Iус Ростов 4:1-уэ щытекIуащ Мейкъуапэ икIа «Дружба»-м.

Аращи, шыщхьэуIум и 26-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» къыпэщылъщ. Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм и финалым и 1/32-нэ Iыхьэм абы къыщригъэблэгъэнущ япэ дивизионым хэт Астрахань и «Волгарь»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр						
Командэхэр	**Дж.**	**Къ.**	**З.**	**ФI.**	**Т.**	**О.**
1. «Спартак-Налшык»	**6**	**5**	**1**	**0**	**10-1**	**16**
2. «IэфIыпс»	5	5	0	0	9-1	15
3. «Черноморец»	5	3	1	1	9-4	10
4. «Мэшыкъуэ-КМВ»	5	3	1	1	8-5	10
5. СКА	6	3	0	3	8-7	9
6. «Краснодар-2»	5	2	2	1	10-5	8
7. «Астрахань»	5	2	1	2	5-8	7
8. «Ангушт»	5	2	0	3	6-6	6
9. «Динамо-Ставрополь»	6	1	2	3	7-8	5
10. МИТОС	5	1	2	2	4-7	5
11. «Биолог-Новокубанск»	5	1	1	3	4-9	4
12. «Дружба»	6	1	0	5	6-17	3
13. «Алания»	**5**	**0**	**3**	**2**	**2-6**	**3**
14. «Тэрч-2»	**5**	**0**	**2**	**3**	**2-6**	**2**

Ди щIалэгъуалэм зыкъаIэтыж

ЕтIуанэу зэкIэлъхьэужьу текIуэри Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыджэгу «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэм турнир таблицэм зыкъыщаIэтыжащ.

ЭЛИСТА и «Уралан»-р зэгуэр Урысей Федерацэм и премьер-лигэм ехъулIэныгъэкIэ щыджэгуу щытащ. АрщхьэкIэ, я тепIэн еплъу я лъэр зэрамыукъуэдиям къыхэкIыу, иджы ещанэ дивизионым хэтыф къудейщ. Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшык-2»-м зэхьэзэхуэм япэ щищауэ къалмыкъхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къэкIуащ. Ди щIалэщIэхэм ахэр ирагъэкIуэтэкIын хуейт.

Налшыкдэсхэм сыхьэт ныкъуэ трагъэкIуэдащ бжыгъэр къызэIуахын папщIэ. АрщхьэкIэ мыгувэу хьэщIэхэм ар зэхуэдэ ящIыжауэ загъэпсэхуну икIащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм «Спартак-Налшык-2»-м и тепщэныгъэр хуабжьу инащ. АбыкIэ сэбэп хъуащ «Уралан»-м и футболистхэм ящыщ зы судьям зэIущIэм зэрыхихуар. Машэжь Радмир, Уэрыш Азнаур, Бэрбэч Азэмэт сымэ топ зырыз хьэщIэхэм худагъэкIри текIуэныгъэр 4:1-уэ зыIэрагъэхьащ.

Ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт адрей командэхэр а махуэм зэрызэдэджэгуам мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**Волгарь-М**» - «**Магас-ИнГУ**» - **5:1**, «**Хасавюрт**» - «**Политех-ГБОУ-РДЮСШ**» - **0:0**, «**Леки**» - **Академия «Анжи»** - **2:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэри «Спартак-Налшык-2»-м и стадионым щригъэкIуэкIынущ. ЩыщхьэуIум и 26-м абы къригъэблэгъэнущ Ингушым и «Магас-ИнГУ» командэр. Ари я текIуэныгъэкIэ иухмэ, ди щIалэщIэхэр турнир таблицэм нэхъри къыщыдэкIуэтеифынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр						
Командэхэр	**Дж.**	**Къ.**	**З.**	**ФI.**	**Т.**	**О.**
1. «Волгарь-М»	**6**	**5**	**1**	**0**	**24-5**	**16**
2. «Леки»	6	4	1	1	9-6	13
3. «Спартак-Налшык-2»	**6**	**4**	**0**	**2**	**14-5**	**12**
4. «Уралан»	8	3	2	3	14-10	11
5. «Магас-ИнГУ»	9	2	4	3	9-12	10
6. «Политех-ГБОУ-РДЮСШ»	8	2	3	3	9-12	9
7. «Хасавюрт»	7	2	2	3	5-13	8
8. «Динамо-Дагъыстэн»	8	1	3	4	6-18	6
9. Академия «Анжи»	4	0	0	4	0-9	0

Гроссмейстерым йофIэкI

● Шашкэхэр

ШашкэхэмкIэ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я зэхьэзэхуэхэр Налшык щекIуэкIащ. Зэпеуэм кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Дагъыстэн республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Ростов областым я шашист лъэщхэу 48-рэ. Абыхэм яхэтащ гроссмейстеру 1, спортым и мастерхэу 9, спортымкIэ мастерым и кандидатхэу 22-рэ.

ЗЭПЕУЭХЭР екIуэкIащ программищкIэ: классическэ, псынщIэ, напIэзыпIэ джэгу.

НапIэзыпIэ джэгумкIэ зэхьэзэхуэм Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я чемпион щыхъуащ КъБР-м щыщ, спортым и мастер Гуменюк Григорий. ЕтIуанэ-ещанэ увыпIэхэр къахьащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIахэу спортымкIэ мастерым и кандидатхэу Тигиев Артуррэ Миделашвили Софьерэ.

ЦIыхубзхэм я деж чемпионщ ди лъахэгъу, мызэ-мытIэу Европэм, дуней псом я чемпион хъуа Ахэмын Адисэ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагуэшащ спортымкIэ мастерым и кандидат Лоховэ Альбинэрэ (Владикавказ) спортым и мастер Ванян Анжелэрэ (Новороссийск).

Ветеранхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Гуменюк Григорий, Ставрополь крайм къикIа спортым и мастер Спесивцев Юрий етIуанэ увыпIэр лъысащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортым и мастер Балъкъыз Батий ещанэ увыпIэр къихьащ.

НапIэзыпIэ джэгум пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм щытекIуащ Тигиев Артур. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къахьащ ди республикэм и спортсменхэм - спортымкIэ мастерым и кандидатхэу Чыл Амиррэ МафIэдз Саидрэ. Хъыджэбзхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIа Миделашвили Софье, етIуанэ увыпIэр лъысащ абы и лъахэгъу Меликовэ Айзэ.

ПсынщIэ джэгум, зыри зыпэмыплъауэ, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я чемпион хъуащ илъэс 15 зи ныбжь Чыл Амир. ТекIуэныгъэр абы къыIэрыхьащ и хьэрхуэрэгъу Ростов областым и гроссмейстер Александрин Сергейрэ абырэ я зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ зэриухам и фIыгъэкIэ. Ещанэ увыпIэр лъысащ Спесивцев Юрий. ЦIыхубзхэм я деж чемпион щыхъуащ Лоховэ Альбинэ. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ Краснодар крам къикIа Казачковэ Еленэ. Ахэмын Адисэ ещанэщ. НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм щытекIуащ Чыл Амир, Тигиев Артур етIуанэ хъуащ, ещанэ увыпIэр Владикавказ щыщ Орешкэ Азэмэт лъысащ. Хъыджэбзхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Миделашвили Софье. КъБР-м щыщ Мэкъуауэ Дианэ етIуанэ увыпIэр, Меликовэ Айзэ ещанэр къахьащ.

Классикэ джэгум и чемпион хъуащ гроссмейстер Александрин Сергей. Спесивцев Юрий етIуанэ увыпIэр къихьащ, ещанэ хъуащ Крайний Сергей. ЦIыхубзхэм я деж чемпионщ Лоховэ Альбинэ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагуэшащ Ванян Анжелэрэ Ахэмын Адисэрэ.

Ветеранхэм я деж чемпион щыхъуащ спортым и мастер Спесивцев Юрий. Дыжьыныр лъысащ Балъкъыз Батий. Скоробогатькэ Анатолий жэз медалыр къихьащ.

НыбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Новочеркасск и спортсмен Кулиничев Дмитрий. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ Тигиев Артур, Орешкэ Азэмэт ещанэ хъуащ. Хъыджэбзхэм я деж бжьыпэр иубыдащ Миделашвили Софье. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къахьащ ди пщащэхэу Мэкъуауэ Дианэрэ Жылэ Залинэрэ.

Чемпионатым и командэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ Ростов областым и спортсменхэр. Краснодар крайм и гупыр етIуанэщ. Очко бжыгъэкIэ зэхуэдэу ещанэ увыпIэр къахьащ командитIым - КъБР (Балъкъыз Батий, МафIэдз Анатолэ, Гуменюк Григорий), Осетие Ищхъэрэ-Алание.

Зэхьэзэхуэм хэтахэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ, ди лъахэм и щIыпIэ дахэхэм зыщаплъыхьащ. ТекIуахэм кубокхэр, медалхэр, саугъэт лъапIэхэр иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетыр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзыр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэр, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр», журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» РИА-м, «Тетраграф» ООО-м, КъБР-м и СМИ-хэм я IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ комплекс центр» ГКУ-м я лэжьакIуэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ ГКУ-м и унафэщI **Ацкъан Руслан Хьэсбий и къуэм** хугъуазэ и адэ **Ацкъан Хьэсбий Афай и къуэр** дунейм зэрехыжамкIэ.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэ» ГКУ-м и лэжьакIуэхэр я унафэщI **Ацкъан Руслан Хьэсбий и къуэм** хугъуазэ и адэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран **Ацкъан Хьэсбий Афай и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Мастэр храгъалъхьэмэ

● Узыншагъэ

Пневмококкым къегъэхъей тхьэмбылым, пэм, тхьэкIумэм, щхьэ куцIым, нэгъуэщIхэм епха узыфэ шынагъуэхэр. А узыфэ зэрыцIалэм щахъумэу республикэм и сабий мин 15-м щIигъум мастэхэр халъхьащ. КъызэрапщытамкIэ, пневмококкым и мастэр жыджэру къыщагъэсэбэп зызыужьа къэрал 36-м сабий сымаджэхэр куэдкIэ щынэхъ мащIэщ.

МЫ ИЛЪЭСЫМ зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабий 628-м бронхит, 50-м - пневмоние, 18-м - менингит, 178-м - отит узыфэхэр яIэу къахутащ. Бронхит узыфэр яIэу сабий 83-рэ, пневмоние япкърыту 43-рэ, менингитым игъэсымаджэу 12 реанимацэм щIэлъащ. Сымаджэ хъуахэм я нэхъыбэр зи ныбжьыр илъэс иримыкъуахэрщ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, пневмококк узыфэм зэрыпэщIэт мастэхэр зэрыхалъхьэм и фIыгъэкIэ, дяпэкIэ сабий сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Щоджэн Юлие къызэрыхигъэщымкIэ, нэхъыбэу узыфэр зыхуэлъэр илъэс иримыкъуа сабийхэрщ, псом хуэмыдэу и чэзур нэмысу къалъхуа цIыкIухэрщ.

- А ныбжьым ит сабийхэм нэхъ псынщIэу къаубыд цIыхур зэрыбауэ Iыхьэхэм епха узыфэхэр, - жеIэ Щоджэн Юлие. - Псом хуэмыдэу сакъын хуейщ а сабийм нэмыщIкIэ зи ныбжьыр илъэси 5-м нэмысауэ сабий садым кIуэ е щIэхщIэхыурэ сымаджэ хъу цIыкIухэр зиIэ адэанэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къыщыхъу щыIэщ пневмококк узыфэ зэрыцIалэм щызыхъумэ мастэр хаIуну педиатрхэм адэ-анэм щыжраIэкIэ къащыфIэмыIуэху, езырезыру сабийр ягъэхъужыну иужь щихьэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм узыр нэхъри хегъэтIасэ. Мастэр хезыгъэлъхьэн зымыдэ адэ-анэхэр я сабийм и узыншагъэмкIэ шынагъуэ зыпылъ Iуэху пэщIэувэу аращ.

Пневмококк узыфэ зэрыцIалэм игъэсымаджэнкIэ хъунущ балигъхэри: тхьэмбыл, тхьэмщIыгъу, гу-лъынтхуэ, фошыгъу узыфэхэр зиIэхэр, зи ныбжьыр илъэс 65-м щхьэдэхахэр. Пневмококк узыфэ зэрыцIалэм и мастэр сэбэп къыпхуэхъун папщIэ узыр нэхъыбэу къыщыхъей щIымахуэ лъэхъэнэр къэмысу, шыщхьэуIу мазэм, фокIадэм и пэщIэдзэм зыхегъэлъхьэн хуейщ. Мастэм ущIыщышынэн щыIэкъым. Ар зыхалъхьэ щIыпIэм деж плъыжьыгъэ ищIынкIэ е къэпщынкIэ хъунущ, къищынэмыщIауэ, температурэр дэкIуеинущ, шхыным уи гур хуэмыкIуэу, жейм уемызэгъыу ущытынущ. Ахэр псори махуищым къриубыдэу пщхьэщыкIынущ.

Нобэ республикэм иIэщ пневмококк узыфэм папщIэ халъхьэну мастэр. Адэ-анэхэр сабийхэм я узыншагъэм жэуаплыныгъэ яIэу бгъэдыхьэу, узыфэ шынагъуэхэр къэзыгъэхъеину микробым пэщIэтыну ар храгъэлъхьэн хуейщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьакIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакциемрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм зэдэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакциемрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхыным и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зи илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 4-нэ нап.)*. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ, Мэзбахуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэ.

Номеру «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 3.167 • Заказ №1432